

IKIYAGO

C'INAMA NSHINGAMATEKA

N° 24 - Ntwarante - Ndamukiza 2019

INAMA NSHINGAMATEKA

Gisohoka rimwe mu kwezi

REPUBLIKA Y'UBURUNDI



Ibikorwa vy'iterambere rusangi muri zone Muramba mu ntara ya Bubanza



Umubonano Umukuru w'Inama Nshingamateka yahaye Intumwa z'Abashingamateka bo mu gihugu ca Misiri.

Soma kurupapuro rwa 8



Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yakoreye Ibikorwa rusangi ku musozi wa Dutwe.

Soma kurupapuro rwa 19



Impinyanyuro n'iyemezwa ry'integuro y'ibwirizwa rijanye n'isubirwamwo ry'ibwirizwa rigenga amatora.

Soma kurupapuro rwa 25

Abashingamateka b' ikiringo ca 2015 -2020



Très Hon. Pascal Nyabenda
Umukuru w' Inama Nshingamateka
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Agathon Rwasa
Icegera ca mbere c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ngozi- Hutu-MizeroY'Abarundi



Hon. Jocky Chantal Nkurunziza
Icegera ca kabiri c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ruyigi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gloriose AHISHAKIYE
Ngozi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Asha KHALFAN
Kayanza -Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Fabien BANCIRYANINO
Bubanza - Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Adolphe BANYIKWA
Bujumbura - Hutu- Mizero
y'Abarundi



Hon. Chantal BARAMPAMA
Bujumbura - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Josélyne BARANYANKA
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jacqueline BARANYIZIGIYE
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Evole P. BASHINGWA
Mairie - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Domitien BAVAKURE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rémegie BAZIRAHOMPONYOYE
Muramvya - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ildephonse BIGIRINDAVYI
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jérôme BIKORIMANA
Bururi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Simon BIZIMUNGU
Cibitoke - Hutu Mizero
y'Abarundi



Hon. Pascal BIZUMUREMYI
Ruyigi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Renate BUKURU
Ruyigi- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Spéciose CIMPAYE
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Angèle CIZA
Kirundo- Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Claver COYITUNGIYE
Karusi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Fleurette DUKUNDANE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie GAFURERO
Bubanza-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Séraphine GAKOBWA
Makamba - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Odette HABONIMANA
Rumonge - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Léopold HAKIZIMANA
Kayanza - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascal HAKIZIMANA
Muyinga-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Godeberthe HATUNGIMANA
Rutana - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Vénant HATUNGIMANA
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ferdinand HAVYARIMANA
Gitega - Tutsi-Mizero y'Abarundi



Hon. Juvénal HAVYARIMANA
Bubanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Mireille INABIGENDERA
Karusi - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Caritas IRAKOZE
Makamba - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Lydia IRAKOZE
Mairie- Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Joséphine IRAMBONA
Karusi - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ange Denise KAMERE
Muyinga-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Denis KARERA
Gitega-HUTU CNDD-FDD



Hon. Amédée RUCARAGI
Gitega-HUTU- CNDD-FDD



Hon. Uziel KUBWIMANA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Claude KWIZERA
Mwaro -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Pamphile MALAYIKA
Muyinga- Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascasie MANIRAKIZA
Ngozi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Térance MANIRAMBONA
Gitega - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Sauda MBONEKO
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Noé MBONIGABA
Ruyigi-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. François MBONIHANKUYE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adolphe MBONIMPA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gilbert MBONINYIBUKA
Makamba-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Amedée MISAGO
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. François MPITABAVUMA
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Xavière MUHIMPUNDU
Karusi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Jean Bosco MUHUNGU
Rutana - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Léonidas MUKESHIMANA
Rumonge-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Euphrasie MUTEZINKA
Kirundo-Tutsi
Mizero y'Abarundi



Hon. Lazare MVUYEKURE
Gitega-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Persille MWIDOGO
Ngozi-Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Claude NAHAYO
Ngozi-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Gélase NDABIRABE
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Zénon NDARUVUKANYE
Bujumbura - HUTU
CNDD-FDD



Hon. Canesius NDAYIMANISHA
Kayanza - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Juvenal NDAYIRAGIJE
Rutana - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Bernard NDAYISENGA
Mairie - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NDAYISHIMIYE
Bururi - Hutu-Mizero y'Abarundi



Hon. André NDAYIZAMBA
Bururi-Tutsi
UPRONA



Hon. Glorioso NDAYIZEYE
Gitega- Hutu
CNDD-FDD



Hon. Angele NDIHOKUBWAYO
Bururi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. P.Célestin NDIKUMANA
Bujumbura-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gilbert NDUWAYO
Makamba-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Dévote NDUWIMANA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Déogratias NDUWIMANA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rénovat NDUWUMWAMI
Makamba - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Angébert NGENDABANKA
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Egide NGERAGEZE
Ruyigi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ladislav NINDEREYE
Muramvya - Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Glorioso NIMENYA
Rumonge-Tutsi
UPRONA



Hon. Godelieve NININHAZWE
Mwaro - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Felix NIRAGIRA
Ngozi - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Justin NIYOBUHUNGIRO
Cibitoke - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Justine NIYONGABO
Cankuzo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Lewis NIYONGABO
Mairie - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Glorioso NIYONSENGA
Kirundo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Constantin NIYONZIMA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Salvator NIYUKURI
Rutana-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Emmanuel NKUNZIMANA
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Claude NKUNZIMANA
Ruyigi- Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Olive NKUNZIMANA
Ngozi -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Georges NSHIMIRIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. M. Chantal NSHIMIRIMANA
Ngozi- Twa



Hon. M. Jeanne NTAHAHOHAHO
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Apolinaire NTAHIMPERA
Muramvya- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Hilaire NTAHOMVUKIYE
Kayanza - Tutsi CNDD-FDD



Hon. Adolphe NTAHONDEREYE
Mairie - Twa



Hon. Aloys NTAKIRUTIMANA
Cibitoke-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Obed NTAKIYIRUTA
Rumonge - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NTEZUKOBAGIRA
Bururi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ruth NTIBASHARWA
Cibitoke - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Gaudence NTIRANDEKURA
Mwaro - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gabriel NTISEZERANA
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adrien NYANDWI
Kayanza - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Claire NYANDWI
Makamba - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Nestor NZEYIMANA
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Zānabu NZEYIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Séraphine NZEYIMANA
Rumonge - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Révérien NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Baptiste NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Consolante NZIGAMISONI
Cibitoke - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Benigne RURAHINDA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. James SAMAGORWA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Eric SINDAYIGAYA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Sylvestre SINDAYIHEBURA
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. J. Pierre SINZINKAYO
Bujumbura-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Vincent SUKUNOBA
Gitega - Twa



Hon. Ildephonse TURIMUMUGABO
Muyinga - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Anicet TUYAGA
Mwaro - hutu-CNDD-FDD



Hon. Ibrahim UWIZEYE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie YAMUREMYE
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD

IVYARANGUWE N'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA

Ibikorwa vy'iterambere rusangi muri zone Muramba mu ntara ya Bubanza



Kuwa 22 ntwarante 2019, nyakubahwa Pascal NYABENDA yarifadikanije n'abenegihugu bo muri zone ya Muramba, aho ni muri Komine n'ntara ya Bubanza mu bikorwa vy'iterambere rusangi. Ivyo bikorwa vyari vyerekeye kwegeranya amabuye bayakura aho yari yegeranijwe bayatwara ahagira h ubakwe umushinge w'uburaro bw'abihebeye Imana bo kuri Paruwasi ya Nteguza ya Ngara. Ibindi bikorwa, vyari vyerekeye kuvanga umusenyi n'isima kugirango bakore ibeto yo gusiga

hasi mu vyumba bitatu bigize isakiristiya y'iyo Paruwase.

Abenegihugu bo muri zone ya Muramba bari basidukanye

Abakristu barindiranye igishika ko iyo paruwase ibegukira.

Musitanteri wa komine Bubanza François KAZOVIYO yaramenyeshije

ko umutekano ari wose muri iyo komine uretse ibibazo vy'ubusuma n'uburozi bivugwa hirya no hino ku mitumba. Ku bijanye naho n'akamo batewe na Reta ko guterera amatora ya 2020, François KAZOVIYO yamenyesheje ko iyo komine igeze ku



n'iyonka, bava mu mazoni ya Gitanga, Kiviruru, Ciya, Mudimbu, Mwanda, Karinzi na Ngara muri ivyo bikorwa vy'iterambere rusangi.

bice 62 kw'ijana aca mbere yiyemeza ko bagiye kugwiza umwete mu kuyatoza kugira ngo bazorangize mu mwanya bahawe.

Buramatari w'intara ya Bubanza Nobus BUTOYI yaragarutse ku mwimbu mwiza w'agatasi wari wabonetse yongera avuga ko afise icizere ko umwimbu w'impeshi nawo uzoba mwiza. Yaciye asaba abanyamuramba kwirinda gushira umwimbu wabo wose mu masoko kugira birinde ko inzara yobinjirana. Ku bijanye n'iki gihe haba hegereje

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaribukije abo benegihugu ko zone ya Muramba ihana urubibe n'intara ya Cibitoke nayo ihana urubibe n'igihugu ca Republika iharanira demokrasi ya Congo aca abasaba kurikanura bagateramira amahoro n'umutekano bakazabamenyesha abajewe umutekano ikintu cose kibateye

cane ivyigwa. Niho guca agabisha abagendesha amapikipiki badomwa ko urutoke ko bohagarika iyo ngendo mbi bihaye. Ku bahejeje amashure bafise impapuro z'umutsindo batararonka akazi, Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yabahamagariye kuja mu mashirahamwe bakorere hamwe imigambi mitomito izobafasha kubasahiriza mu vyo bakeneye.

Nayo ibarabara rifatanywa umurwa mukuru w'intara ya Bubanza na zone ya Muramba ryononekaye, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaremeye guterera mu gusanura iryo barabara mu kubarungikira mu ci imashini yabigenewe ikaza gufurira ibinogo no kuringaniza neza iryo barabara. Ariko mu kurindira ko ivyo biba, yaravuniye akagohe abajewe intwari muri iyo zone kwiungunganya bagakora ibikorwa rusangi bagasibura iryo barabara ntibame bateze gusa ko abategetsibabagendera.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarateye akamo abihebeye Imana abasaba kugirirana imigenderanire myiza n'abategetsinkuko nabo nyene bahora baza kubafasha ibikorwa vy'iterambere baba barimwo.

Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarashikirije icipfuzo afise ko kubona amashengero yubaka amashure y'imyuga abegukira hamwe rero n'amashure nshingiro mu ntumbero yo gusahiriza Reta mu gisata c'indero. Tubamenyeshe ko Nyakubahwa Pascal NYABENDA yavuye ngaho kuri paruwase Nteguza ya Ngara aterereye imifuko 20 y'isima yo kubandanya urwo rwubako barimwo.

Clarette INAMAHORO



amatora, Buramatari w'intara ya Bubanza yasavye abenegihugu kwirinda kwumviriza ibihuha kandi n'ukwama begera abajewe intwari igihe cose babonye ikibateye amakenga.

Mw'ijambo ryiwe, Umukuru w'Inama nshingamateka Nyakubahwa Pascal NYABENDA yamenyesheje ko yahimbawe cane ko mu karuhuko asanzwe arimwo yaronse akaryo ko kwishikira kuri uyu mutumba wa Ngara ataheruka kubera ibikorwa vyinshi vy'Inama Nshingamateka vyari vyamufatiriyey. Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarongeye araserura icipfuzo afise ko kuzoshika no ku yindi mitumba adaherutse kujamwo. Yaciye abamenyesha ko intumbero y'urugendo rwiwe kwari ukwishikira mu benegihugu bamutoye kugira ngo yiyumvire we nyene iryo bagona n'ibibazo bafise. Niho rero guca abatumira mu nama yari yateguye kubagirisha ibikorwa rusangi biheze. Ku bijanye n'ukubungabunga umutekano,

amakenga cokwononera amahoro n'umutekano.

Nk'uko amatora ya 2020 yegereje, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yasavye abenegihugu kubana neza mu butandukane bwabo bw'ivyiyumviro vya politike nka kurya basanzwe babanye neza kandi badasangiye amadini, aho ku musi w'Imana umwe wese aja gusenga iyo ashaka mu mutekano akagaruka mu mutekano ntangere.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarashimikiye ku mpanuro yatanze yo kubungabunga umwimbu abenegihugu baronse. Yaciye aboneraho kubahimiriza bagabanye imvyaro kugira ngo bashobore kurera neza ibibondo vyabo ivyo navyo bikabungabunga amagara yabo. Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaranahanuye abigeme bageze mu bigero bari mu mashure kwirinda gusamazwa n'abahungu bashaka kubahumbisha kugira babateshe intumbero nziza y'ubuzima bwabo ahubwo biteho

Inama y'Umukuru w'Inama Nshingamateka n'abenegihugu bo muri zone ya Muramba

Kuwa 22 ntwarante 2019 Nyakwubahwa Pascal Nyabenda yarakoranye abenegihugu bo muri zone Muramba muri komine n'intara ya Bubanza mu ntumbero yo guha ijamba abenegihugu kugira ngo yiyumvire we nyene ubwiwe iryo abenegihugu bamutoye ngo abaserukire bagona, n'ingorane boba bafise.

Ku bijanye n'ikibazo c'umutekano, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yasavye abanyamuramba kuguma bateramiye amahoro n'umutekano kuko ari vyo mushinge w'ubuzima bw'igihugu. Yarongeye arabasobanurira yuko na za nzoga zibujijwe n'amategeko nazo nyene zihungabanya umutekano arabasaba ko bokwirinda kuzinywa, yongera asaba n'abazihingura eka n'abazishora guhagarika guhungabanya amagara n'umutekano vy'abenegihugu.

Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragarutse ku mugambi wa Reta wo kwiziganiriza uburyo bwo gutunganya amatora ya 2020 ko ari kwo kwikukira nyakuri,



guterera amatora, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yasavye abajejwe intwari muri ako karere gukurikiranira hafi ico kibazo bongere bahane vy'akarorero abo ico caha kizokwagira.

Abenegihugu b'i Muramba baratuye Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka ikibazo c'ikena ry'amazi muri iyo zone. Ishirahamwe AVEDEC ngo niryo ryahawe isoko ryo kurangura umugambi w'amazi meza muri ako karere. Uwaserukiye iryo shirahamwe yamenyesheje ko uwo mugambi uriko urarangurwa kandi ko uko integuro y' ibikorwa iteguye,

ubakenesheje aho muri iyo zone, naco nyene carabajijwe. Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarabatahuye, yemeza ko ukururukira umuyagankuba vyofasha abenegihugu gukora imyuga isaba gukoresha umuyagankuba; ivyo navyo bikabafasha kwiteza imbere no guteza imbere ikigega ca Reta mu kuriha amakori. Yaciye rero asaba abajejwe intwari kugirisha urutonde rw'ibikenewe kugira ngo iyo zone ironswe umuyagankuba; aca abasaba ko nawe nyene bomurungikira urwo rutonde kugira nawe arabe ico yoterera.

Yaranateye intege abenegihugu bo muri iyo zone babishoboye ko nabo nyene boterera umwe wese ico ashoboye kuko ngo « isorosoro rirwira iyo rigiye. » Ku kibazo c'ishirahamwe RISCA ryoba ritahemvye abenegihugu barishoyeko akawa kadatonoye, Buramatari w'intara ya Bubanza yishuye avuga ko kuva aho bamenyeye ico kibazo ngo baragifashe mu minwe aca asaba abajejwe umutekano gushira muri yompi uwuserukira iryo shirahamwe RISCA mu ntara.



aca abasaba ko boterera ayo matora. Ku kibazo cabajijwe n'abenegihugu yuko hoba haranyurujwe amahera yatojwe yo

bazoshikiriza amazi meza kuwa 30 nyakanga 2019.

Ikibazo c'umuyagankuba

Abanyamuramba barashikirije Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka icipfuzo c'ukuduza igiciro c'ikiro c'ikawa idatonoye.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yishuye ko iyo ari ingingo ifatwa ku rwego rw'igihugu. Yaciye abemerera ko agiye gutumako umuyobozi mukuru w'ishirahamwe ARFIC kugira ngo babiganire.

Ku bijanye naho n'ubukene bw'abigisha mu mashure, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaramenyeshije ko ico ari ikibazo kiri n'ahandi, ko gikwiye gukemurwa ku rwego rw'igihugu. Nayo ku vyerekeye ubukene bw'intebe abanyeshure bicarako mu mashure, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yasavye abarongoye amashure kuza

baraganira ivyo bibazo n'abavyeyi kuko ngo barashobora gufasha kubitorera inyishu.

Abanyagihugu bo muri zone ya Muramba bari biyungunganije barafashanya kwubaka igitarurwa ku ruhande rumwe kizobafasha kujabuka binjira bitabagoye mu ntara ya Cibitoke basangiye urubibe. Kugira ngo urundi ruhande rw'igitarurwa rwubakwe, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yabemereye intererano y'imifuko 20 y'isima izoshikirizwa kuwa 25 ntwarante 2019.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA

yaciye ashikiriza imfashanyo y'imfungurwa igizwe n'itoni ry'umuceri, amasuka agera kw'120 hamwe rero n'ibitenge 20 vyashikirijwe abageze muzabukuru hamwe n'abakenyezi batishoboye.

Clarette INAMA HORO

Umubonano Umukuru w'Inama Nshingamateka yahaye intumwa z'Abashingamateka bo mu gihugu ca Misiri.

I kibazo c'Uburundi muri wa mugambi wo gutsimbataza amahoro mu gihugu ca Somaliya, ariwo AMISOM mu ncamake, kizokwihwezwa mu nama y'Abashikiranangijwe y'ibihugu bifise inteko muri AMISOM izobera i Kayiro mu Misiri muri Ndamukiza

2019, nk'uko vyashikirijwe n'Umukuru w'Inama Nshingamateka y'ico gihugu. Nyakubahwa Aly Abdel AAL Sayed A H M E D yabishikirije ku munsi wa gatanu, igenekerezo rya 30 Ntwarante 2019

mu mubonano

Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi yari yahaye intumwa z'Abashingamateka bo mu Misiri. Vyongeye, yariko arahumuriza Mugenzi we ku mwitwarariko yari yamutuye.

Mu vy'ukuri, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yasaba Inama Nshingamateka ya Misiri kuvugira

Uburundi muri Leta, mu gihe igihugu ca Misiri arico kironkoye Umuryango w'ibihugu vyo mu karere ka Afrika, mu ntumbero yuko Uburundi bwotunganirizwa ku karenganyo bukorerwa n'uyo Muryango. Iryo akaba yabishikirije afatiye ku basirikare igihumbi bari

gusa mu nteko z'Uburundi.

Umukuru w'Inama Nshingamateka wa Misiri yaremeye kuvugira Uburundi kugira busubizwe amateka yabwo.

Ku rundi ruhande, igihugu ca Misiri gisaba Uburundi ko bwoshigikira ku



bijanye n'igabangana ry'amazi ya Nil. Yibutsa amasezerano yashizweko umukono mu myaka y'1950, Nyakubahwa Aly ABDEL AAL Sayed Ahmed yashikirije ko amazi angana na metero kibe 55.000.000 ariyo yahabwa Misiri

yari ifise abenegihugu bagera ku miriyoni 20. Muri kino kiringo abo benegihugu baharurwa ku miriyoni 100, ngo birumvikana ko urwo rugero rw'ayo mazi rutagikwiye. Yishimikije ku migenderanire, ubucuti n'ugufashanya hagati y'Uburundi na Misiri, Umukuru w'Inama Nshingamateka ya Misiri

mu nteko za AMISOM baheruka gutahukanwa mu gihugu; Mu gihe abakuru b'ingabo mu bihugu bifise inteko muri AMISOM bari bategekanije kugabanya igitigiri c'abasirikare bafatiye ku bari basanzwe mu Nteko. Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi yaraneguye ko iyo ngingo itakurikijwe, kanatsinda ngo abo basirikare igihumbi bakuwe

asaba Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka z'Uburundi kutemeza amasezerano ajanye n'igabangana ry'amazi ya Nil ahungabanya abenegihugu bo mu Misiri.

Ikindi naco, Nyakubahwa Aly ABDER AAL Sayed Ahmed aratumirira Abashingamateka n'Abakenguzamateka b'Abarundi bari muri wa murwi wunze ubucuti hagati y'Uburundi na Misiri kugendera vuba na bwango Misiri kugira bafundike amasezerano yo gufashanya. Turetse gushigikira Abashingamateka, Abakenguzamateka n'abakozi bo muri izo nzego zompi mu bijanye no gukarisha ubwenge, Misiri yaremeye kandi gufasha mu bisata vy'amagara y'abantu, inyigisho, ubudandaji, kunguruza abantu n'ibintu, guhanahana amakuru, kwononora imitsi, uburimiye, ubworozi n'umutekano. Turetse ko yashimye ukugene yakiranywe igishika, ntiyibagiye kwemeza yuko amahoro n'umutekano vyiganje mu gihugu.



Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi yarahaye umubonano uwuserukira mu Burundi i banki y'iterambere muri Afrika.



Ku wa gatanu igenekerezo rya 19 ndamukiza 2019 Umukuru w'Inama

Nshingamateka y'Uburundi yarahaye umubonano Umushingantahe Daniel NDOYE

aserukira mu Burundi ibanki y'iterambere muri Afrika. Inyuma y'uwo mubonano Umukuru

w'Inama Nshingamateka yamenyesheje ko yaraje kwimenyekanisha kuko asanzwe ari mushasha muri ayo mabanga ngaha mu gihugu.

Yongeye amenyesha ko Ibanki y'iterambere muri Afrika ari urwego rutanga ingurane rutarinze gushiraho izindi nkurikizi canke intambamyi.

Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yavuze ko Ibanki y'iterambere muri Afrika izofasha

Inama Nshingamateka muri vyinshi nko gukarihiriza ubwenge Abashingamateka n'abakozi bo mu nama Nshingamateka. Ku bw'Umushingantahe NDOYE Daniel, Ibanki y'iterambere muri Afrika izobandanya gutsimbataza imigenderanire n'Uburundi. Yarongeye avuga ko yashaka kuronka ivyomufasha kwongerako ibindi bisata bafashamwo. Ibanki y'iterambere muri Afrika numufasha w'ingirakamaro w'Uburundi, ati turafasha muri

vyinshi nko mu gutwara abantu n'ibintu, mu vy'amasoko ntanga nguvu, mu vy'uburimyi no mu bindi bice bitandukanye dufashanya na Leta y'uburundi ati muri iki gihe turiko turategura uwundi mugambi wo gufasha mu kiringo co kuva 2019 gushika 2023 kugira dushigikire umugambi wa Leta w'iterambere.

J Baptiste Claude NIJIMBERE

Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi yarahaye umubonano uwuserukira igihugu ca Tirikiya mu Burundi



Nyakubahwa Pascal NYABENDA, Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi, yarakiriye mu biro iwe uwuserukira igihugu ca Tirikiya mu Burundi, Umupfasoni Serap Ataap aheruka gushingwa ayo mabanga. Inyuma y'uwo mubonano, Umukuru w'Inama Nshingamateka yamenyesheje ko bihweje ingene hotsimbatazwa imigenderanire ihari hagati y'Uburundi na Tirikiya haba mu vy'ubutunzi no mu vy'indero. Umukuru w'Inama Nshingamateka

yamenyesheje kandi ko mu gihe yari mu rugendo mu gihugu ca Tirikiya Umukuru w'Igihugu ca Tirikiya yari yaremeye iyugururwa kw'ubuserukizi bw'ico gihugu hano mu Burundi, bikaba rero vyacye bishoboka inyuma y'umwaka umwe.

Akaba yizeye kuzoronka abandi bashitsi b'iteka bo muri ico gihugu ubwo buserukizi bumaze kuba bukora neza. Uwuserukira Tirikiya mu Burundi, Umupfasoni Serap Ataap yamenyesheje Umukuru w'Inama Nshingamateka

y'Uburundi ko hamaze gushingwa umugwi w'ubucuti w'Abashingamateka ku ruhande rwa Tirikiya ushaka gukorana n'umurwi w'Abashingamateka ku ruhande rw'Uburundi kugirango batsimbataze imigenderanire. Umukuru w'Inama Nshingamateka yaramwemereye ko bazotsimbataza iyo migenderanire muri ico kigabane bikazofasha mu guhanahana ubumenyi.

J Baptiste Claude NIJIMBERE

Inama y'umugwi w'Abashingamateka n'Abakenguzamateka bo mu karere ka Afrika

Naho yari afise ibikorwa vyinshi akora, Umukuru w'Inama Mpuzamakungu y'Amanama Nshingamateka UIP mu mpfunyapfunyo y'igifaransa yaremeye ko azogendera umugabane wa Afrika. Umupfasoni Gabriella Cuevas BARRON arafise umugambi wo kuzokarihiriza ubwenge Abashingamateka n'Abakenguzamateka bakiri bato n'abakenyezi bo mu bihugu vya Afrika. Yabishikirije kw'igenekerezo rya 5 ndamukiza 2019 aho yari mu nama y'akarere ka Afrika yabereye i Doha (QATAR), mu gihe bari bitavye inama igira 140 y'Inama Mpuzamakungu y'amanama Nshingamateka na Nkenguzamateka yari ironkomeye na Nyakwubahwa Pascal NYABENDA nawe yari yatumiwe.

Nkuko umupfasoni Gabriella Cuevas BARRON yabishikirije, ngo hazoba kandi n'inama y'abakuru



inguvu kugira bafashe abugarijwe n'ubukene.

Mw'iyi nama yo mu karere ka Afrika bize ibintu bishika bine:

1. Barerekanye icegeranyo c'inama ihurukira ku mugwi w'abanyamabanga ba UIP;
2. Ivyihutirwa bongeyemwo muri iyi nama;
3. Ugusubiriza abahejeje ikiringo


1. Kuronderera abacungera umutekano mu gihugu ca Palestine; iyo ngingo yasabwwe na Koweit;
2. Ugucungera ubwigenge bw'inkehwa z'abayisumu kw'isi yose; vyasabwwe na Indonesie.
3. Kugarukira ibihugu vya Mozambique, Malawi na Zimbabwe zahuye n'igihugu Idai nk'uko vyasabwwe n'ishirahamwe mpuzamakungu. Icyumviro casabwwe n'Uburundi;
4. Gushiraho uburyo bwo

gucungera abenegihugu bo muri palestina, nk'uko bitegekanywe n'ishirahamwe mpuzamakungu riharanira uburenganzira bwa kiremwa muntu: nico aha nama Nshingamateka na Nkenguzamateka ajejwe. Icyo cyumviro cashikirijwe n'igihugu ca Maroc

5. Gukingira no kurwanya amacakubiri afatiye ku rukoba, kutababariranira, urwanko rw'idini rya islamu hamwe n'urwanko

rw'abanyamahanga. Icyo cyumviro kikaba cazanywe na Turikiya.

Nayo kuvyerekeye ibibanza vyagaragara muri iyi nama igira 140; akarere ka Afrika kacye gashira abakandida muri ivyo bibanza.



b'amanama Nshingamateka na Nkenguzamateka bari bitavye iryo koraniriro akaba yarateye intege abari aho ko bokwitaba izo nama zose kugira bazitorere mu bijanye n'indero ndetse no mu vy'amagara meza.

Nayo kuvyerekeye ubukene, yasavye ko abari ngaho bogira

cabo;

4. Utuntu n'utundi.

Uwo mugwi w'akarere ka Afrika wakurikije icegeranyo catanzwe. Baciye bihweza ingingo ku yindi mu zo bari babona ko zihutirwa kwigwa. Izo nazo zari izi:

nk'abana, imiyabaga, abigeme
n'abakenyezi. Ni kubw'iyi mvo
Inama Nshingamateka yemeje
itegeko rigenga ishure nshingiro
ritanga indero rusangi n'imiburuburi

kugera ku mwaka w'icenda. Hejuru y'iryo tegeko, umugambi wo kwigisha ku buntu watanguye kuva mu mwaka w'2005, waratumye ibiharuro vy'abiga vyongerekana. Umukuru w'Inama Nshingamateka yaravuze ibijanye no kwubaka amashure kugira ngo bateze imbere ubumenyi. Inama nshingamateka irifadikanya kandi n'abanyagihugu hamwe n'abajejwe intwari mu kwubaka amashuri, ikongera igahimiriza abavyeyi kurungika abana babo kuja mu mashuri, na cane abana b'abigeme kuko aribo batwara inda batifuje kandi hatageze.

Akaba yamenyesheje ko izo mbanyi batifuje zituma abo bigeme bahagarika amashuri. Uruhara rw'Inama Nshingamateka ni urwo guhimiriza no gukurikirana ko inyigisho zo gukundisha igihugu zitangwa neza mu mashuri, nkuko vyashikirijwe na Nyakwubahwa Pascal NYABENDA. Vyongeye, nk'uko umukenyezi afise uruhara runini mu mubano utekanye, Ibwirizwa Shingiro ry'Uburundi rimuha ibice 30 kw'100 rwo kuja mu nzego z'intwari.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yamenyesheje ko arajwe ishingira n'ibijanye n'inyigisho zo kubumbatira amashuri. Yaramenyesheje kandi ko Uburundi bufise ubushikiranganji bujewe agateka ka zina muntu, gushigikirana n'iterambere rikumira. Ubwo bushikiranganji bukababufise igisata atakindi kijejwe kiretse gutsimbataza no gukingira agateka ka zina muntu no gukwiragiza inyigisho zijanye no kubungabunga amashuri hamwe no

gusubiza hamwe kw'Abarundi. Ico gisata rero mu bikorwa vyaco, gishira imbere inyigisho zibereye zo gukingira agateka ka zina muntu kikongera kigashiraho urutonde rw'inyigisho zijanye no kubumbatira amashuri no gusubiza hamwe kw'abanyagihugu, mu ntumbero yo kwubakana no kunywanisha abanyagihugu. Muri icyo ntumbero nyene, Umukuru w'Inama Nshingamateka yamenyesheje ko



inyuma y'igandagurwa bunyamaswa rya Nyenicubahiro Prezida NDADAYE Melchior mu mwaka wa 1993, igisata ca ONU kijejwe agateka ka zina muntu cinjijwe mu rwego rwa ONUB, bisabwe na Leta yariho icyo gihe. Urwo rwego rwa ONUB mu Burundi rwashizweho bivuye ahanini mu ntambara yo kuva 1994 gushika 2003. Vyatumwe kandi nuko hari abapfungwa ba politike hamwe nuko ata mashirahamwe canke inzego zijewe gukingira agateka ka zina muntu vyari bihari.

Muri icyo gihe tugezemwo, Uburundi, bwateye intambwe bishimishije mu bijanye n'umutekano no gukingira agateka ka zina muntu. Bitayeko, amategekako yo gukingira agateka ka zina muntu arahari kandi n'inzego zijewe kuyashira mu ngiro

zikwiye zarashizweho kugira agateka ka zina muntu kubahirizwe. Aha twovuye cane cane nk'urwego rw'Umuhuza w'Abarundi OMBUDSMAN, Urwego rw'igihugu rwigenga rujewe agateka ka zina muntu CNIDH, Inama y'Igihugu ijejwe Ubumwe bw'abarundi no gusubizahamwe, Urwego rw'igihugu rujewe gukingira ihonyabwoko n'ivyaha vyo mu ntambara hamwe rero n'Umurwi

w'Igihugu ujejwe ukuri no kurekuriranira CVR. Nico gituma ikiringo cari cagenewe ibiro vya komisariya ya ONU ijejwe agateka ka zina muntu mu Burundi carangiye muri ruhuma 2019. Twobibutsa ko Umurwi ujejwe ukuri no kurekuriranira umenyesha ivyo waranguye Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka haba hagati canke ikiringo wagenewe kirangiye. Ikindi ni

uko Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka zirakora ingendo hagati mu gihugu mu ntara n'amakomine yose mu ntumbero yo guhimiriza abanyagihugu ngo babungabunge amashuri n'umutekano, bongere kubahiriza agateka ka zina muntu hamwe no gusubiza hamwe. Ubwo nibwo buryo burashe abatowe ngo baserukire abanyagihugu bakoresha, kugira batsimbataze amashuri mu gihugu hamwe no gutsimbaza uburenganzira bwa zina kiremwa muntu.

Mwamenya ko mu kiringo icyo nama y'140 y'ihuriro ry'ama Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA

ari nawe yari arongoye abaserukiye Uburundi muri icyo nama yarabonye n'abaje baserukira ibihugu vyabo muri icyo nama. Akaba yaraganiriye n'Umukuru w'Inama Nshingamateka ya Oman, uwa koweit, umukuru w'Inama nshingamateka ya Republika

iharanira intwari rusangi ya Kongo hamwe n'uwurongoye Inama Nshingamateka ya Centrafrique. Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yarabonye kandi n'umunyamabanga w'icyo Nama Nshingamateka Martin Chungong. Mu mubonano bagiraniye bakaba

bahagaze ku gufashanya hagati y'inzego baserukira hamwe no gukomeza Imigenderanire n'izo Nama nshingamateka.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarifadikaniye n'abenegihugu bo mu Gitaza mu kwubaka inzu y'amanama.



Zone ya Gitaza iri muri komine ya Muhuta mu ntara ya Rumonge, ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika. Ni agasagara gato ariko gahuriramwo abantu benshi, cane cane abadandaza baba bavuye mu gisagara ca Bujumbura baje kurangura, na cane cane abarungura indagara n'ifi ziba zarobwe mu kiyaga Tanganyika. Mu nyubakwa rusangi ziri ngaho mu Gitaza, hariho ishure ryisumbuye, rikaba ryatanguye mu mwaka w'i 1991 kandi rikaba rimaze kuramurira incabwenge nyinshi, ariko gushika

ubu rikaba ritari rifise inzu y'amanama. Ari naco gituma abavyeyi b'abanyeshure, imvukira hamwe n'abajewe intwari baciye

bikorwa rusangi.

Ni muri icyo ntumbero ku musu wa gatandatu, igenekerezo rya 02 ntwarante 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA, yari yishikiye aho mu Gitaza kugira yifadikaniye n'abenegihugu baho muri icyo bikorwa. Icyo navyo bikaba bigeze ku ntambwe ishimishije kuko icyo nzu y'amanama iramaze gusakarwa, ibikorwa vyo kuri uwo munsu bikaba vyari icyo gutegura ibeto yo kunora hasi muri icyo nzu. Buramatari w'intara ya Rumonge akaba yamenyesheje ko icyo nzu



baja hamwe, baba bafundika ko bagiyeye kwiyubakira icyo nzu biciye mu gushira hamwe uburyo, no mu

y'amanama na komine izohora iyikorako mu manama kuko n'ayo nyene isanzwe ata nzu y'amanama ifise. Akaba yongeyeko ibikorwa vyo kunora hamwe no gutera amadirisha n'imiryango bigiye kubatwara hafi imifuko 120 y'isima, niko gushimira Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yari yagiye abashiriye intererano y'imifuko 30 y'isima.

Yarongeye ati naho abenegihugu bari ku kivi kandi batekanye muri rusangi, hariho ingeso zimwe zimwe ziriko zitera umutekano muke, nko kwagirizanya uburozi bituma abenegihugu bihanira, n'imiryango igacanamwo. Ikindi ngo imvura yaguye ari nyinshi yarasambuye amazu, mu duce tumwe tumwe, agera kw'160. Buramatara wa Rumonge akaba yarashimiye Inama Nshingamateka yo iheruka gutora itegeko rijanye n'amafaranga azokora ibarabara rya RN3 agace ka Rumonge- Nyanza-Lac, akizera ko n'amafaranga yo gukora igice ca Bujumbura - Rumonge azoteba akaboneka.

Mw'ijambo yashikirije, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA, yamenyesheje ko agize urwo rugendo mu gihe c'akaruhuko k'Abashingamateka ko mu kwezi kwa gatatu, karaye gatunguye. Ati igihe c'akaruhuko k'Abashingamateka, si igihe co kuja kwicara muhira, ahubwo ni igihe co kugendera abenegihugu bakabashigikira mu bikorwa vy'iterambere bakongera bakabumviriza iryo bagona.

Nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaba yaciye akeza abenegihugu bo mu Rumonge ku kungene bitaho ibikorwa rusangi. Ati mu myaka yahera, kugira ngo iyi nzu y'amanama yubakwe, mwabanza kwandika amakete n'ayandi musaba imfashanyo, ariko ubu ni mwirabire namwe ingene bihimbye abenegihugu muri hamwe, umwe wese azana ico ashoboye hamwe n'inguvu ziwe, kugira mwiubakire inzu nk'iyi. Ati ni twabandanya uku, tuzoteza imbere igihugu cacu mu mwanya muto.

Nyakwubahwa Pascal NYABENDA

akaba yaciye agira n'ico avuze ku matora yegereje yo mu 2020. Ati iki gihe turiko turegereza amatora, ni vyiza ko abenegihugu mumenya gukoresha imvugo nziza, imvugo



ihumuriza, imvugo itagumura. Mu bihe vy'amatora usanga imitwe yashushye, twese turiko dukorera mu migambwe yacu, ariko birasaba ko dushira imbere ugutahurana, tukemera n'abandi bagashikiriza ivyiyumviro vyabo. No mu kurondera abanywanyi, dutegerezwa kubikora mu mahoro n'umutekano, ntihagire abo dufata ku nguvu canke kw'iterabwoba ngo baze mu migambwe yacu, umwe wese aja mu mugambwe yiyumvamwo.

Dutegerezwa gutahura ko amatora azohera, kandi tuzobandanya tubana neza mu budasa bwacu. Akaba yaciye ahamagarira abenegihugu kubandanya baterera amatora yo mu 2020, kugira twikureko abakoronni bahora baduha amafaranga yabo barinze gushaka kudutegeka ivyo dukora. Ati guterera amatora ni igikorwa c'iteka cerekana ko dukunda igihugu cacu kandi dushigikiye amatora meza.

Ku vyerekeye naho kwubaka ibarabara Bujumbura-Rumonge, yabasavye kugumana umwizero, ko leta iriko irarondera amafaranga yo kuryubaka. Ariko mu kurindira, yabatoje umugambi ko bashobora kwiungunganya abagwizatunga

bagashira imitahe yabo mu vyo gutwara abantu n'ibintu biciye mu kiyaga Tanganyika. Navyo nyene vyonyaruka kandi bikabateza imbere.

Mu kurangiza, akaba yabasavye kuguma babumbatiye amahoro n'umutekano, kuri abo nabo bagirizanya uburozi, yabasavye kutihanira ahubwo biture inzego z'umutekano n'izu ubutungane, kuko kenshi usanga biva ku ndyane z'amatongo.

Ku boba nabo bagendera muri ivyo bintazi, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yabasavye kubiheba ahubwo bifatanye n'abandi mu bikorwa vy'iterambere.

Mu kubandanya ashigikira abenegihugu bo mu Gitaza kuri iyo nyubakwa bariko bariyubakira, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaba yaciye abaterera iyindi mifuko 50 y'isima.

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaritavye inama y'imvukira za komine Bubanza.

Côme MANIRAKIZA asanzwe ari umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka

kuyiteza imbere.

Ikindi bigiye hamwe ni ikijanye n'ivyaranguwe mu makomine agize intara ya Bubanza mu mwaka w'i 2018 hamwe n'ibiriko biraranguka

inyubakwa y'ibiro vya komine Musigati.

Mu bigiye kurangurwa navyo, ni nko guteza imbere ibijanye n'uburimyi n'ubworozi biciye mu gutanga ibitungwa bitobito, imiti y'ibitungwa hamwe no gutanga ifumbire. Hariho kandi kubandanya bahimiriza abenegihugu kuja hamwe mu makoperative hamwe no kwubaka amahangare y'umuceri. Bulamatarari w'intara ya Bubanza akaba kandi yamenyesheje ko bagiye kugarukira cane indero mu mashure mu gushiraho amasaha yo kwiga kare mu gitondo imbere y'uko abarimu batangura kwigisha, hamwe no kugendera cane amashure, cane cane amashure azokora ca kibazo ca Leta. Abari ngaho bakaba barasavye ko hoba gusanura inyubakwa rusangi zishaje, hamwe rero n'icipfuzo cuko inzu zimwe zimwe ziri ku mugwa mukuru w'intara ya Bubanza usanga zishaje cane ko benezo bozisanura. Basavye kandi ko abasanzwe bafise amazu ku mabarabara yo ku mugwa mukuru w'intara ya Bubanza boshira amatara hanze gutyo hakabona. Abandi basavye guteza imbere abikorera utwabo no guha amazi meza agace ka Kagwema i Gihanga. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba



niwe yatowe kurongora ishira hamwe ry'imvukira z'intara ya Bubanza, ADEBU mu mpfunyapfunyo. Sylvie NIZIGAMA asanzwe ari musitanteri wa komine Rugazi, nawe akaba yatowe kuba icegera ciwe. Bakaba bompibatowe mu bakandida 11 bari bitoje muri ivyo bibanza, mu nama yabereye ku Muzinda muri komine ya Rugazi ku musu wa gatandatu igenekerezo rya 9 Ntwarante 2019. Umukuru w'Inama Nshingamateka, nk'imvukira ya komine Mpanda, yari yitavye iyo nama.

Amatora yabaye ku mugaragaro bakoresheje kuduza intoki. Abagize komite yo kurongora iryo shirahamwe ni batanu, umukuru w'ishirahamwe, icegera ciwe, umunyamabanga, umunyabigega hamwe n'uwujwe kumenyesha amakuru. Hagiye kandi hatorwa kandi na komite ijwe kugenzura abo bari bizewe.

Muri iyo nama, imvukira z'intara ya Bubanza baremeje amategeko agenga ishira hamwe ryabo. Intumbero nyamukuru yari uguhuza abanyabubanza kugira ngo baze barakorera hamwe imigambi y'iterambere hamwe no kurondera abagenzi b'intara babafasha

mu mwaka w'i 2019. Muri rusangi, uburyo bwafashije gushira mu ngiro ivyaranguwe bwamye muri za miliyoni 500 ku mwaka Leta iha amakomine, ibindi bikava mu matagisi atozwa n'amakomine hamwe n'intererano z'imvukira. Ivyaranguwe cane cane ni nko kubandanya kwubaka ubwugamo bw'ikibuga c'i Bubanza, gushiraho agasandugu ko kubika no kuguranana k'abanyabubanza TUJANE, kwubaka amasoko ya kijambere nk'iyo mu Kivyuka, na Murengeza, na Ruce, no kwugurura



igisata ca kaminuza y'Uburundi c'i Nyamugerera. ibindi biri ku rutonde y'ivyaranguwe ni kunagura hamwe no kwubaka ibigo vy'urwaruka mu ma komine ya Mpanda na Bubanza, gutarura ibitarurwa, kugura ibikoresho n'intebe zo mu mashure, hamwe no gutangura

yarabasavye gushigikira umugambi wo kwubaka ikigo co kwegeranya amata i Gihanga.

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaruguruye icese ibiro vy'abakuru b'imitumba muri komine ya Mpanda

Ku musi wa gatanu igenekerezo rya 26 ndamukiza 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA, yaruguruye icese ibiro bine vy'abakuru b'imitumba yo muri komine ya Mpanda. Iyo nayo ni imitumba ya Nyamabere, Rubira, Murengeza na Musenyi.

Ivyo biro vyubatswe n'abenegihugu mu kwitaba akamo ka Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu aho yasaba abenegihugu bose ko boja hamwe bakiyubakira ibiro vy'abakuru b'imitumba yabo. Ivyo navyo bigatuma iyo abenegihugu bakeneye kwitura abo batware babo baca bamenya aho babasanga gutyo bakabaronka vyoroshe. Ivyo biro vyubatswe ku mafaranga ari hagati y'imiliyoni 10 na 13 z'amarundi kuri biro bimwe bimwe vyose.

Abenegihugu bagiye kwiruhutsa kuko bazoja baratunganirizwa n'abatware babo bo ku mitumba bitabagoye, kuko ngo ubwa mbere babasanga muhira iwabo, musi y'igiti canke mu bunywero. Abarongoye iyo mitumba bakaba barashimiye ibiro vy'Umukuru w'Igihugu vyo vyabahaye ibikoresho bimwe bimwe vyo kwubaka nk'amabati, ivyuma n'isima. Bakaba



vy'iterambere. Abenegihugu b'i Nyamabere baciye bamushikiriza ikibazo bafise co kuba badafise umuyagankuba, bakamenyesha ko bamaze kwigurira ibiti vy'amata hasigaye ko ishirahamwe REGIDESO ribazanira intsinga. Ku ruhande rwiwe, Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yabanje gukeza abenegihugu bo kuri iyo mitumba bashoboye gushira inguvu hamwe bakiyubakira ibiro vy'abakuru b'imitumba batarinze kurindira imfashanyo zivuye hanze. Ngo ivyo birerekana ko bamaze gutahura ko bagiye hamwe bashobora gushika kuri vyinshi bagateza imbere igihugu cabibarutse.

uwuzoza wese azisange kandi ashikirize ikimuzanye ata bwoba. Yarongeye ati iyi si ingoro y'umugambwe kanaka, ariko ibi n'ibiro bizokwiturwa n'abenegihugu bari mu migambwe yose mu butandukane bwabo.

Akaba yaciye asaba iyindi mitumba yo muri iyo ntara ya Bubanza kurabira akarorero kuri iyo mitumba ine kugira naho nyene abenegihugu biyubakire ibiro nk'ivyo.

Mu kubatera intege no kubakeza, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yaciye aha ibiro vy'iyi mitumba, intebe zo kwakirako abenegihugu zigera ku 20 zahawe umutumba umwe umwe wose hamwe n'ibashasha kugira ngo baze gushobora kwiginana mu kwinjira ivyo biro, na kare ngo kuva kera mu Burundi binjiye inzu nshasha barasoma. Kuri iyo mitumba yose, Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yari yagiye abashiriye imfashanyo igizwe n'umuceri n'ibiharage vyashikirijwe ba ntahonikora ijana ku mutumba umwe umwe.

Abenegihugu bo ku Musenyi bahurikiye mu makoperative arima umuceri nabo, naho baciye bashikiriza Nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaganuke kagizwe n'inyana zitatu, mu kumushimira ko yama abashigikira.

Arlette AKIMANA



kandi barashimiye Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka ku kungene yabashigikiye kandi adahengeshanya kwama abashigikira mu bikorwa

Ku bakuru b'imitumba, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaba yabasavye kuzokwakira abazobitura bose ata nkunzi. Yabasavye kuzokwumviriza bose,

Nyakubahwa Umukuru w' Inama Nshingamateka y'Uburundi yahaye umubonano Nyakubahwa Cao JIANMING, icegera c'umukuru wa komite yamaho y'Inama Nshingamateka y'igihugu ca Republika y'Ubushinwa.

Ku wa mbere, itariki ya 15 ndamukiza 2019, Nyakubahwa Pascal NYABENDA, Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi, yahaye umubonano Nyakubahwa Cao JIANMING, Icegera c'Umukuru wa komite yamaho y'Inama Nshingamateka y'igihugu ca Republika y'Ubushinwa. Mw'ijambo ryiwe, Umukuru w'Inama Nshingamateka yabanje guha ikaze Nyakubahwa Cao JIANMING n'abo bagendanye mu Burundi na cane cane hano mu ngoro y'amakoraniro mu Kigobe. Yabandanije amenyesha ko kuba bari hano i Burundi atari ibitangaza kuko Uburundi n'Ubushinwa bifitaniye imigenderanire myiza mu bisata vyinshi. Yarongeyeko ati, imigenderanire y'ivyo bihugu vyompi yavutse igihe batanguye guhanahana ababiserukira, aho hakaba hari mu 1963. Ikaba yatsimbataye hamaze gushirwako igikumu ku masezerano yogufashanya mu vy'iterambere mu



mu kuronsa Uburundi ingurane zimwe zimwe zidasaba inyungu eka mbere n'imfashanyo, igihugu c'Ubushinwa carafashije ishirwa mu ngiro y'imigambi myinshi y'iterambere mu bisata bitandukanye nko mu burimyi, amasoko ntanganyu, amahinguriro, indero, amagara y'abantu, mu bikorwa vya leta no mu gufasha imbabare. Ku bw' Icegera c'Umukuru wa komite yamaho y'Inama Nshingamateka y'igihugu c'Ubushinwa, ati ubucuti hagati y'abenegihugu b'ibi bihugu

w'igihugu c'Ubushinwa n'Umukuru w'igihugu c'Uburundi. Ati imigenderanire hagati y'ubushinwa na Afrika imeze neza cane. Ku bijanye n'irementanya bama bagirira Uburundi, Icegera c'Umukuru wa komite yamaho y'Inama Nshingamateka y'igihugu ca Republika y'Ubushinwa yavuzeko Ubushinwa butazigera buvumera, ko kandi butazohendwa n'abo bangushi; ko Ubushinwa burazwa ishingira n'iterambere ry'imigenderanire y'ibi bihugu bibiri. Yamenyesheje kandi ko Ubushinwa bugiye kwongerereza urugero mu bijanye n'imigenderanire.

Twobamenyesha ko uwo mutumire yatanze kw'izina ry'Ubushinwa amafaranga angana n'ibihumbi amajana atanu y'amafaranga y'Abashinwa mu ntumbero yo gufasha kugura ibikoresho Inama Nshingamateka yoba ikeneye.

Ku mugoroba wo kuwa mbere igenekerezo rya 15 ndamukiza 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi yarahaye inzimano abari bagendanye n'Umushingamateka Cao JIANMING akaba yabakiriye kw' i hoteli Atrium. Nyakubahwa



butunzi, mu buhinga hamwe n'ubudandaji kw'igenekerezo rya 6 ruheshi umwaka w'1972. Kibicishije

vyompi yariyongereye ku munsu ku munsu bitewe n'imigenderanire myiza iri hagati y'Umukuru

Umukuru w'Inama Nshingamateka yavuze ko Ibintu vyinshi vyiza vyo mu bihugu vyacu uko ari bibiri vyotunganywa mu migambi yo gufasha vyogira akunguko. Ku ruhande rumwe Ubushinwa bufise umuvuduko w'iterambere uri mu ba mbere kw'isi; ku rundi ruhande Uburundi nabwo bufise ibintu bidasanze abagwizatunga b'Abashinwa bokwikorako, muguteza imbere Uburundi.

Mu gusozera, Umukuru w'Inama

Nshingamateka y'Uburundi yarashikirije icipfuzo co gushiraho imirwi y'ubucuti mu bashingamateka. Ngo hamwe hoshingwa inzego yofasha gutsimbataza iyo migenderanire isanzwe iri hagati y'izo nzego ku ruhande rumwe, no hagati y'abenegihugu ubwabo ku rundi ruhande. Icegera c'Umukuru wa komite yamaho y'Inama Nshingamateka y'igihugu c'Ubushinwa yavuze ko anezerejwe no kuba ari mu Burundi igihugu

cakira neza ingenzi kandi c'amahoro. Yongeye amenyesha ko icipfuzo ciwe ari kubona abenegihugu bariko baratera imbere. Yarangiye ijamba ryiwe yiyemeje gutsimbataza ubucuti busanzwe buhari hagati y'Uburundi n'Ubushinwa. Ibirori bikaba vyarangiye bahanahana utuganuke.

J Baptiste Claude NIJIMBERE

IVYARANGUWE N'ICEGERA CA KABIRI



Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yakoreye ibikorwa rusangi ku musozi wa Dutwe.

Mu ntumbero yo gushira mu ngiro umugambi w'igihugu bataziriye «

Ewe Burundi urambaye », icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, yarifatikanije

n'abenegihugu bo mu karere ka Mpungwe, mu kubadika imivyaroy'ibiti igera ku bihumbi 15 ku musozi

wa Dutwe, aho ni muri komine n'intara ya Ruyigi, aho hari ku muni

uriko urarenga. Yaragabishije kandi yuko naho abantu isinzi babaditse



wa gatandatu igenekerezo rya 9 ntwarante 2019. Turetse abenegihugu, ivyo bikorwa vy'iterambere rusangi vyari vyitabwe kandi n'abari mu nzego z'igisirikare n'igipolisi basanzwe ari imvukira zo mu ntara ya Ruyigi.

Mw'ijambo ry'ikaze, Buramatari w'intara ya Ruyigi yarahimirije urwaruka ko rwokwijukira gutera ibiti, vyo bisanzwe bihingurwamwo impapuro. Yaciye aboneraho kubatumira kwigana umwete, kugira abe aribo bazokora muri mwene ayo mahinguriro.

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, ku ruhande rwiwe, yashikirije ko ico gikorwa co gutera ibiti muri wa mugambi w'igihugu bise **«Ewe Burundi urambaye»** kirangurwa bakuranya imitumba ku yindi. Kubw'Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA, ibikorwa vy'uho muni ntibizokwibagirwa. Ati turetse ko vyahuje abenegihugu bo mu mirimo itandukanye, ivyo bikorwa biranguwe haraye hahimbajwe umunsi mukuru mpuzamakungu wahariwe Umukenyenzi. Ikindi naco, ngo habaditswe imivvaro myinshi y'ibiti, ugereraniye n'iyindi minsi. Yarasiguye ko iyindi mvo yoba yatumye ubwo bwira ari uko bariko barirukankana n'ikirere, mu gihe umwanya wagenewe kubadika ibiti

ivyo biti, kubibagarira ngo ni igikorwa c'abenegihugu bo ngaho mu karere. Uyo Mushitsi w'iteka yabandanije yerekana akamaro k'ibiti. Ati ibiti birakingira isi, yo soko ry'ubuzima, biratuma kandi imvura igwa, gurtyo rero bikaturinda ubugararwa. Vyongeye, ngo ico gikorwa cashobotse kubera amahoro n'umutekano vyiraye mu gihugu. Amahoro n'umutekano ngo



ni umwitwarariko w'umuntu wese, kanatsinda ngo karahara mu ruganda ntibacura. Ari nako kwibutsa kahise kabi, ati iyo amahoro n'umutekano bidahungabana, haraho intara ya Ruyigi yari kuba yarateye intambwe mw'iterambere gusumba uko bimeze ubu.

Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yarahanuye kandi

abenegihugu ko bokwima amatwi ibihuha, na cane cane muri kino kiringo igihugu kigana buke buke mu matora yo muri 2020. Ati amatora ni meza kuko ashiraho abategetsi bitorewe n'abenegihugu. Niko guca ahamagarira abenegihugu kwitegurira iryo sango ridasanzwe batekanye, uyo mutekano nawo ukazoshoboka ari uko hubahirijwe ya nyabune, iyo nyabune ngo ikaba igizwe ahanini n'abenegihugu kuko ngo aribo usanga mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'abenegihugu. Iruhande y'abenegihugu ngo hari abajewe intwari, kuva ku mukuru w'umutumba gushika kuri Buramatari w'intara, ngo ubanje guca ku bakuru b'amazone na ba musitanteri b'amakomine. Urwego rw'ubutungane runywanisha abatase ngo ni iyindi nkingi y'iyonyabune, muri iyo nkingi nyene akaba ariho hibonekeza inyamiramabi.

Gutora ngo ni uburenganzira bw'umwenegegihugu wese, uyu nawe akaba asabwa kuyitegurira imbere

y'igihe. Yarashimangiye cane cane ku kuronka ikarata karangamuntu, ashimikiye ku rwaruka rutari bwakwize imyaka isabwa muri ca gihe co kwemeza canke guhakana lbwirizwa Shingiro.

Ikindi naco, Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yatumiriywe abenegihugu kwakirana urweze abariko barahunguka mu gihugu

c'amavukiro, kanatsinda niho amahoro n'umutekano nyakuri. Afatiye ku karorero ka Ruyigi, yarasiguye ko abavukantara bahungutse bava i Tanzaniya babanza guca mw'ikambi y'i Nyabitare muri komine ya Gisuru imbere yo gushika ku mitumba iwabo. Ati iruhande y'imfashanyo baronswa, ngo bari bakeneye kandi guhimirizwa mu bijanye n'amatora.

Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yaribukije kandi ko amatora asigura umwiteguro. Ni naco gituma yahamagariye umwe wese kugira ico aterereye. Ati amatora ntiyega gusa buramatari canke musitanteri; ngo ariko

amatora abazwa nyabuna umwenehugu wese. Ati iyo amatora atagenze neza, akajagari niko kaca kiganza; umwe wese rero ngo ategerezwa kwitwararika ayo matora.

Uyo Mushitsi w'iteka yaragaragaje kandi umunezero afise wo kubona urwaruka rwitabiriye ku bwinshi ivyo bikorwa rusangi. Afatiye ku ciyumviro c'uko urwaruka arirwo Burundi bw'ejo, yaciye abatera intege zo kwiga amashure maremare kugira bazosubirire abategetsu b'ubu. Abigeme yabahimirije guhiganwa na basaza babo. Imisore nayo yayikebuye ko bajejwe indero ya bashiki babo. Ati

nimubarinde kugendana n'abagendesha amapikipiki, abagendesha amakinga, canke uwo ariwe wese yobayovya.

Ku muhingamo, Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaritavye ubutumire bw'ibirori vyo kwipfurizanya umwaka mushasha vyari vyatunganijwe n'ishirahamwe ry'abasirikare n'inyamiramabi b'imvukira z'intara ya Ruyigi, ariryo SOMIPONAR mu ncamake.

Christine NAHIMANA

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaraciye imikobeko i Mungwa muri komine ya Musongati.



Urubanza rumwe rumara zibiri. » Uko niko Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yagaragaje umunezero ku munsu wa gatatu, igenkerekere rya 27 ntwarante 2019, mu gihe yariko ararungura ibikorwa vy'iterambere rusangi ku Mutumba wa Murwa, aho ni muri zone ya Ngoma yo muri komine ya Musongati mu ntara ya Rutana. Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yabanje kwimba imikobeko imbere yo gutera ivyatsi vyo mu bwoko bwa tribusakumu, hejuru y'iyi mikobeko. Yaciye aboneraho gusigura akamaro k'ivyo vyatsi. Ati turetse yuko ubwo bwatsi burinda isi mu kuyikingira inkukura, ngo burafasha kandi kwitegurira neza ishirwa mu ngiro ry'ibwirizwa rizoja mu ngiro mu myaka itatu iri imbere, iryo bwirizwa naryo si irindi, ni iribuza ibitungwa kwiyerereza ku mitumba, ahubwo bikagaburirwa mu mpongore. Muri ico gihe, ubu bwoko bw'ubwatsi buzocika ikidandazwa gihurumbirwa na benshi kw'isoko. Naho ari

imfungurwa y'ibitungwa, ubwo bwatsi buzokwinjiriza amafaranga ingo n'imiryango. Yaragereranije kandi igitungwa n'ikibondo mu kwerekana ingene ibitungwa bitegerezwa kwitabwaho.



Yaraboneyeho kandi kuvunira akagohe abenegihugu. Ati ntibikwiye vyonyene guca imikobeko, ahubwo mutegerezwa kuyibungabunga, mukayisibura, mukanabagarira buno bwatsi. Ati nk'ubu twaciye imikobeko ku burebure bungana n'ibirometero 3

kuri 15 bitegekanijwe. Ati ntimuze murindire umutegetsu kanaka kugira mubandanye iki gikorwa. Ati ni mwimenyereze ahubwo gukorera mu mashirahamwe, haba mu kurima, haba mu budandaji canke muri rya sekeza ryo kubadika ibiti.

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yahanuye kandi abenegihugu kubumbatira amahoro n'umutekano babicishije muri za komite z'umutekano na ya nyabune igizwe ahanini n'abenegihugu. Yarongeye arabakebura kwubaha indongozi

ngo kanatsinda abategetsu nibo biyumvira imigambi, abenegihugu bagafasha kuyishira mu ngiro.

Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yaragarutse kandi ku matora yo muri 2020. Ari nako gutumirira abenegihugu ko boyitegurira batekanye, ngo narirya ari umwenegihugu afise ijamba rya nyuma. Ati kuva turonse intahe yo kwikukira mu 1962, amatora yega bwegu Abarundi. Abenegihugu rero batumirirwe kuyaterera, umwe wese aho ageze.

Yasozereye ijamba ryiwe yibutsa ko Rutana ari intara ihana urubibe n'igihugu ca Tanzaniya, aho Abarundi bahungiyeyi, muri kino gihe bariko baratahuka. Yatumirirwe rero



abenegihugu ko bobakirana urweze, batibagiye kubamenyereza mu mirimo ya misi yose, harimwo no kubahimiriza kwitaba amatora. Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yasozereye urugendo rwiwe mu kuronsa imfashanyo

igizwe n'ibifungurwa ku bantu 50 batowe nka ba ntahonikora bo muri iyo komine ya Musongati.

Christine NAHIMANA

Inama igira 3 y'ihwaniro ry'amanama Nshingamateka y'ibihugu bihuriye mu Nama Nkuru y'ibihugu vyo mu karere k'ibiyaga binini CIRGL yarashashe i Bujumbura.



Guhindura ingendo ni ngombwa ku bihugu vyo mu karere ka Afrika bitegerezwa kurangura imigambi bishinze, hako kweza amaso abafasha mu migambi y'iterambere. Ako kamo katewe ku wa 14

ndamukiza 2019 n'Umunyamabanga nshingwabikorwa wa CIRGL mu gihe hugururwa icese i Bujumbura inama igira 3 y'umurwi ujejwe iterambere ry'ubutunzi, ubutare n'ubutaka n'iyinjira mu mashirahamwe y'akarere mw'ihwaniro ry'Abashingamateka

bo mu Nama Nkuru y'ibihugu vyo mu karere k'ibiyaga binini.

Ambasaderi Zacharie UABO yaripfuye kandi ko CIRGL yohinduka akarere ko gutunganya iterambere rusangi. Yaribukije ko mu 2006, bashimikiye kw'iterambere ry'ubutunzi mw'itangazo



ryasohorewe i Rusaka. Haribonekeje kandi ubutare n'ubutaka bicukurwa bidaciye mu mategeko. Ngo ni naco gituma hafashwe ingingo zirashe. Icakurikiye, yari ugushiraho urugero rw'icishimikizo. CIRGL yarashinze kandi umugambi wemewe ujanye n'ugucukura ubutare n'agataka. Gusa ngo hasigaye intambwe yuko ibihugu vyogira uwabo uyo mugambi, bikawushira mu mabwirizwa yavyo.

Vyongeye, nk'uko Umunyamabanga nshingwabikorwa wa CIRGL yabandaniye abisigura, iryo shirahamwe rimeze

nk'umuzimyamuriro mu gihe hadutse amatati hagati y'ibihugu binywanyi. Muri kino gihe, CIRGL iriko irumvikanisha Uburundi n'Urwanda, yongera kandi yuzuriza, Urwanda n'Ubuganda bisanzwe bifitanye ivyo bitumvikanako.

Iyo nama ikaba yugururwe icese n' Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi. Umushingamateka Jocky-Chantal NKURUNZIZA. yaramenyeshye ko iyo nama iri murukurikirane rw'ama nama abiri. Ati mu gihe inama yabereye i Khartoum yibanze ku migambi y'iterambere rirama, ariyo ODD mu

mfunyakunye yo mu rurimi rw'igifaransa, iyabereye i Nairobi yoyo yisunze intwari ibereye mu bijanye n'ubutare. Nayo ku vyerekeye rino koranira, ryihweza ukwinjira nyakuri muri uwo muyango wo mu karere, kuko vyagaragaye ko ari isoko ry'iterambere rirama n'imibereho myiza y'abenegihugu.

Ku bihugu 12 bigize uyo muyango, bitanu gusa nivy vyitavye iyo nama. Iyo biri uko mu gihe haheze kuba isanganya ry'indege yo mw'ishirahamwe Ethiopian Airlines. Ni muri iyo ntumbero nyene abitavye iyo nama bafashe umwanya w'agacerere kugira bibuke abahitanywe n'iryo sanganya. Mwamenya kandi ko iyo Nama yabaye mu mwiherero mu gihe abanditsi n'abamenyeshamakuri bari bataramuwe.

Christine NAHIMANA

Uruganda rwo guhanahana ivyiyumviro ku bijanye n'amatora



shirahamwe ry'abakenyezi bahungutse bo mu Burundi AFRAPABU mu mpfunyakunye,

ryifadikanye n'ishirahamwe ry'Abashingamateka b'abakenyezi mu Burundi AFRAPABU,

ryaratunganye kuva kw'igenekerezo rya 11 gushika kurya 22 Ntwarante umwaka wa 2019, uruganda rwo

guhanahana ivyiyumviro hagati y'Abashingamateka b'abakenyezi,

Umukenyenzi arafise uruhara kandi mu mashure, mu masengero no mu



abakenyezi batowe ku rwego rw'intango, n'abakenyezi bari mu mashirahamwe adaharira ivyicarwo vya Politike.

Ivyo bikorwa bikaba vyari vyega uburere 4 bw'igihugu, akarere ko mu buraruko akaba ariko kaza ubwa mbere, kagizwe n'abakenyezi bo mu ntara za Ngozi, Muyinga, Kirundo na Kayanza, hamwe n'akarere ko hagati kagizwe n'abakenyezi bo mu ntara za Gitega, Karusi, Ruyigi, Muramvya na Cankuzo, akarere ko mu bumanuko bushira ubuseruko kagizwe n'abakenyezi bo mu ntara za Rutana, Makamba, Bururi na Rumonge, akarere ka nyuma akaba ari ako mu bururengero kagizwe n'abakenyezi bo mu ntara za Bujumbura, Bubanza, Cibitoke, Mwaro hamwe n'igisagara ca Bujumbura.

Ico gikorwa cugururiwe icese mu ntara ya Ngozi kikaba citabwe n'Icegera c'Ishirahamwe AFEPABU. Buramatari w'intara ya Ngozi co kimwe na ba Buramatari b'intara zitandukanye bamenyesheje ko umukenyenzi afise ikibanza mu bijanye na politike hamwe n'imibano n'iterambere kuko vyagaragaye mu mwaka wa 2018 ko amakomine arongowe n'abakenyezi yaronse umusaruro ushimishije mubijanye nukwiteza imbere

bikorwa rusangi mugabo iyo hageze kwitoza ntaboneke ku rubuga rwa politike.

Izo nganda zo guhanahana ivyiyumviro zitunganywa muri Ntwarante, ukwezi kwahariwe abakenyezi mu ntumbero yo gutekura abakenyezi kuja mu matora yo mwaka w'2020 nk'uko vyashikirije n'Icegera c'uwurongoye AFABU. Abakenyezi bategerezwa gutora no kwitoza, bakongera bakajya mu itunganywa ry'igihugu kuko ata terambere ryoba umukenyenzi



atabigizemwo uruhara. Ishirahamwe AFABU rirashima inguvu za Leta y'Uburundi mu guteza imbere umukenyenzi na cane cane mu gushiraho politike y'igihugu ishingiyeye ku kunganisha

ibitsina.

Muri urwo ruganda, Abashingamateka b'abakenyezi, abakenyezi batowe mu nzego zo hasi mu ntwaro, n'abakenyezi bo mu mashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike baragize icegeranyo c'abakenyezi bitavye amatora muri rusangi yo mu mwaka w'2015 hamwe n'amatora yo kwemeza canke guhakana Ibwirizwa Shingiro. Kukaba nkako, ibiharuro vyerekana ko abakenyezi biyandikishije ku bwinshi ngo bazotore gusumba abagabo, mugabo ivyashikirijwe vyavuye mu matora abakenyezi bari bake, kuburyo mu makomine amwe amwe barinze kwongerezwa. Ibice birenga 53 kw'ijana vy'abakenyezi mu Burundi ni vyinshi mugabo icibonekeje ni uko ku rwego rw'intwaro, abakenyezi bitaba ku rugero rw'ibice 30 kw'ijana bitegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro badashika, haboneka ibice 18 kw'ijana gusa. Abakenyezi bategerezwa gutahura inguvu n'amahirwe bafise, mbere bagaca bazirikana uruhara rwabo muri politike n'iterambere ry'igihugu

Abakenyezi bitavye izo nama barashikirije ingorane bahura amahirwe bagira n'ivyo basaba.

Baranezerejwe n'ubwinshi bwabo kurusha abagabo, kuba bashoboye kurangura mu kiringo kimwe

imirimo myinshi mugabo bakagira ingorane z'abagabo bamwe bamwe bakigendera ku migenzo ya kera bakababuzwa kwitoza, n'abakenyezi bamwe bamwe badashigikira abandi bakenyezi nk'abo. Basaba abagabo co kimwe n'imigambwe kubashira imbere mu gihe bategura intonde z'abazoserukira imigambwe. Barasavye kandi ko abigeme bokwiga amashure maremare.

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA niwe yuguruye icese intambwe ya nyuma yayo manama yabereye mw'i hoteri « Source du Nil » mu gisagara ca Bujumbura yahuje abakenyezi batowe mu karere k'uburengerero. Yarashimiye amashiramwe AFRABU na AFEPABU



ku ruhara yagize mu guteza imbere umukenyezi no mubijanye n'amatora na cane cane mu gihe buca haba amatora rusangi yo mu mwaka wa 2020

Yasavye abakenyezi gutsinda ubwoba bakerekana ko bashoboye.

Yaranabibukije gufata iyambere muguterera amatora yo mu mwaka wa 2020.

Arlette AKIMANA

Impinyanyuro n'iyemezwa ry'integuro y'ibwirizwa rijanye n'isubirwamwo ry'ibwirizwa rigenga amatora.



Gufatanyaga amatora, guha uburenganzira bwo kuronsa abarorerizi b'amatora icegeranyo c'ivyavuye mu matora, no kwongereza igitigiri c'abagize Inama mpanuzwajambo ya komine; ivyo ni bimwe

mu vyahinduwe mw'ibwirizwa rishasha rigenga amatora. Iyo integuro y'ibwirizwa ryasubiwemwo ryemejwe ku majwi 105, 3 nayo ararihakana, mu nama ya bose yo ku munsu wa gatatu, igenekerezo rya 17 Ndamukiza

2019.

Mu mvo n'imvaho, Umushikiranganji w'Intwari yo hagati mu gihugu, Iterambere ry'abenegihugu n'Inyigisho zo gukunda igihugu yarashikirije ko hari imvo zine nyamukuru zatumye

iryo Bwirizwa rigenga amatora risubirwamwo. Umushikiranganji Pascal BARANDAGIYE yabanje

n'amakungu n'Umuryango w'akarere ko muri Afrika y'Ubugerukira, ari nawo wize ivy'

harakwiye kubanza kuboneka mu gihugu kizigenza kugira igihugu kigumegitekanye.



Umurwi wamaho wize iyo nteguro y'ibwirizwa warongeye uravunira akagohe Leta, ko mu gihe ayo matora yose yobera ingunga imwe, yohungukira kuko hokoreshwa uburyo bukeyi.

Ico cyumviro ntibagihurijeko n'uwaserukiye Leta. Kuri we, ngo amatora ari kwinshi. Ikindi naco, ngo vyotuma abenegihugu bajuragirika. Vyongeye, CENI ngo nta buryo ifise bwo gutunganya ku ngunga imwe amatora agera kuri atatu.

kumenyesha ko Umurwi w'igihugu ujejwe gutegura amatora CENI, wasavye mu cegeranyo cawo c'ingene amatora yo mu 2015 yagenze, no mu cegeranyo cawo c'iyemezwa ry'ibwirizwa Shingiro ryo kuwa 17 Rusama 2018, isubirwamwo z'ingingo zimwe zimwe zo mu mabwirizwa atandukanye, zishobora gukwegwa imburano zikomeye. Yabandanije asigura ko ibwirizwa Shingiro ryo kuwa 07 Ruheshi 2018 ritomora ubwaryo ingene amatora yotunganywa, mbere n'ayandi mabwirizwa akaryisunga. Yaribukije ko mu gihe ibwirizwa rigenga amatora ryo muri kino kiringo ryashizweko igikumu n'Umukuru w'igihugu kuwa 03 Ruheshi 2014, biragaragara yuko iryo Bwirizwa rigenga amatora ryaje imbere y'ibwirizwa Shingiro rya none. Ivyo rero birasaba ko iryo Bwirizwa rigenga amatora ryojana n'ibihe tugezemwo. Ikindi naco, icegeranyo c'Umurwi w'igihugu ujejwe ibiganiriro hagati y'Abarundi, CNDI mu mpfunyampfunyo, co kuwa 20 Ndamukiza 2017 n'Urupapuro rw'inzira rwavuye mu nama yakoranye imigambwe, abigenga na Leta, mu Kayanza kuwa 03 Myandagaro 2018, mu vyasabwe, harimwo gusubiramwo ibwirizwa rigenga amatora.

Umurwi wamaho mu Nama Nshingamateka ujejwe ibibazo vya poritike, intwari, imigenderanire

umwihariko iyo nteguro y'ibwirizwa, warerekanye ko, hisunzwe ingingo ya 1, ku karongo kayo kagira 2, ku gace ka 2, urutonde rw'amatora ruhera ku matora y'Umukuru w'igihugu, ku buryo ayandi matora akurikira iryo tora. Amakenga bagaragaje ashimikiye ku cyumviro c'uko amatora y'Umukuru w'igihugu ashobora gutuma ayandi matora akurikira, aca ayisunga ugasanga ay'Abashingamateka n'Abahanuzi b'Inama mpanuzwajambo ya komine yokurikira umugambwe Umukuru w'igihugu akomokamwo.

Kuri uyo mwitwarariko, iyo Ntumba ya Leta yasiguye ko ayo matora ataco asa asana. Ati mu gihe amatora y'Umukuru w'igihugu yerekeza umukandida umwe umwe, ayandi matora akurikira yerekeye

Yamara izo nsiguro z'Umushikiranganji ntizajijuye inama ya bese. Ahubwo Abashingamateka niba bari mu kuri mugushigikira umurwi wize ivy' umwihariko iyi nteguro y'ibwirizwa. Baratanze insiguro zihagije.

Iciturwako c'uko hobura inzego, ico bita « vide institutionnel » mu rurimi rw'igifaransa, ari naco gisigura igituma amatora y'Umukuru w'igihugu yoba ubwa mbere ngo ntigifashe namba. Ica mbere, Umukuru w'igihugu ahari ubu yararahiye ararengwa bene umurango babona ko atazokwitoza. Vyongeye, mu gihugu hamenyereye umugenzo w'uko Umukuru w'igihugu yahahora akinjira iyo uwumuburira amaze kurahira.



urutonde rwugaye. Ikindi naco, ngo

Ikindi naco, ikiringo

c'Abashingamateka kimara imyaka itanu mu gihe ikiringo c'Umukuru w'igihugu kingana n'imyaka indwi. Ari nako kwibaza ico kiringo ata nzego zoba ziriho ico bita «*vide institutionnel*» mu gifaransa aho coturuka. Ku rundi ruhande naho, ibangabangana mu kiringo kirekire c'Abakuru b'igihugu babiri ntiriyoroshe, mu gihe Umukuru w'igihugu yatowe muri Rusama arahira muri Myandagaro. Baribukije kandi ko ivyabaye muri kahise vyotanga icigwa. Ari nako gutanga akarorero k'imigumuko yo muri 2015 ata kindi yari igamije atari urwego rw'Umukuru w'igihugu. Kubera izo mpamvu zose, ngo amatora yose yobera ingunga imwe. Nayo kubavuga ko abenegihugu benshi bataciye ku ntebe y'ishule vyohava bibajuragiza, inama ya bose yatanze icyumviro c'uko bokwigishwa bikwiye. Kurivyo, ikiringo co kwiyamamaza ngo cokongerezwa, kikava ku ndwi zibiri kikajya ku ndwi zine. K'uwipfuzako ivyavuye mu matora vyoja ku

mugaragaro, ni ukuvuga ko impapuro zomanikwa ku biro vy'itora, ku biro vy'amatora muri komine (CECI), ku biro vy'amatora mu ntara (CEPI) no ku biro vy'amatora mu gihugu (CENI), bamwishuye ko iyo Nteguro y'lbwirizwa itinjira mw'ido n'ido.

Mu gihe imigambwe kugira ironke intebe mu Nama Nshingamateka isabwa urugero rungana na 2 kw'100 (2%), hageze ku uwigenga hagaca hakenerwa urugero rungana na 40 kw'100 (40%), ngo ntawovuga ko amatora yabaye mu bwisanzure, mu gihe ayo majwi y'abigenga yoterateranywa mu ntara kanaka. Umushikiranganji Pascal BARANDAGIYE yavyamiriyeye kure, ati iyo aba ari uko hoho, imigambwe ntacotuma ibaho. Ati lbwirizwa Shingiro rishira imbere imigambwe kanatsinda demokarasi yugururiwe bese iza yaratsimbataye mu gihugu. Gusubiriza uwigenga umunywanyi w'umugambwe kanaka, ni iyindi ngorane yateye amakenga abifuzako amatora y'ukuri, ataho ahengamiye.

Bati uwigenga ni umwe, ntaho yegamiye. None muri ico gihe, yosubirizwagute?

Umushikiranganji yishuye ko Leta yiyumviriye uburyo burashe bwokumvikana ica ishingako uwigenga yosubirizwa n'umunywanyi w'umugambwe waronse amajwi ya nyuma mu matora.

Iyo Ntumwa ya Leta yasozeraye imenyeshako ingwati y'imiriyoni 30 ku mu kandida agomba kwitoza mu kibanza c'Umukuru w'igihugu yagabanijwe. Ngo mu ntango bari biyumviriye imiriyoni 50.

Iyo nteguro y'lbwirizwa risubiramwo lbwirizwa rigenga amatora ryari rifise impinyanyuro nyinshi, izi nazo zikaba zarateye impari, ku buryo inama ya bese yatanguye nk'igihe c'isaha zitandatu zo ku murango yarangiye nk'isaha zitatu z'ijoro.

Christine NAHIMANA

Kwihweza no kwemeza integuro z'amabwirizwa abiri yunganira lbwirizwa Shingiro



A bacamanza bo ku rwego rwo hejuru gutorwa na bagenzi babo sico gikomeye, igikuru ni uko bokurikiza akarangamutima k'umwuga wabo. Ivyo ni ivyashikirijwe ku wa 18 ndamukiza 2019 n'Umushikiranganji ajejwe ubutungane, uguharanira iteka

n'itekane ry'abenegihugu no gushingura ikimungu ca Leta. Izo nteguro zibiri z'amabwirizwa yunganira lbwirizwa Shingiro zemejwe ijana kw'ijana, ni izi zikurikira:

1. Integuro y'lbwirizwa ryunganira lbwirizwa Shingiro rijanye

n'itunganywa ry'Inama Nkuru y'Abacamanza;

2. Integuro y'lbwirizwa ryunganira lbwirizwa Shingiro rijanye n'itunganywa ry'Inama Nkuru ry'Abashikirizamanza. Umushikiranganji Aimée

Larentine KANYANA yasiguye ko bakoresheje uburyo bw'amatora, boca bisunga iyindi myitwarariko ifatiye nko ku bwoko, intara, n'imigambwe mu gihe urwego rw'ubutungane bisanzwe bizwi ko ataho rwegamiye. Yaboneyeho mbere gukeza urwo rwego rutahungaba nijwe n'ivyo bihuhusi.

Mu mvo n'imvaho, Umushikiranganji ajejwe ubutungane, guharanira itekana n'itekane ry'abenegihugu no gushingura ikimangu ca Leta, yamenyesheje yuko Ibwirizwa Shingiro

ariryo ryatumye ku ruhande rumwe isubirwamwo ry'itunganywa ry'Inama Nkuru y'Abacamanza, ku rundi ruhande naho, ishingwa ry'Inama Nkuru y'Abashikirizamanza. Yaciye adondagura ingingo za 215 na 226

z'ibwirizwa Shingiro zitegekanye ishingwa ry'Inama Nkuru y'Abacamanza n'Inama Nkuru y'Abashikirizamanza. Vyongeye, ngo Umukuru wa Sentare ntahinyuzwa acaba Icegera c'Umukuru w'Inama Nkuru y'Abacamanza mu kibanza



c'Umushikiranganji ajejwe ubutungane, uyu nawe acaba Umwanditsi w'iyi Nama.

Umurwi ujejwe ubutungane n'agateka ka zinamuntu, wize ivy'umwihariko izo Nteguro z'amabwirizwa, waratangajwe

n'ishingwa ry'urwego ry'umunyamabanga ntayegayezwa. Intumwa ya Leta mu gutanga inyishu, yaragaragaje imvo zitatu. Ubwa mbere ngo bijanye n'umugambi w'igihugu wo kugabanya uburyo bukoreshwa.

Ubwa kabiri, ni mu ntumbero yashyizeho kunywanisha igisata c'ubutungane hashinzwe urwego rw'umunyamabanga ntayegayezwa rujejwe gutunganya imirimo no gushira mu ngiro ingingo zafashwe n'izo nama nkuru zibiri. Ubwa

nyuma, ibikorwa vy'izo Nama ngo biranyanye cane ku buryo izo nama zompi zihamagariwe gutunganya icarimwe inama ya bose.

Christine NAHIMANA

Ibibazo vyunganirwa vyabajijwe Umushikiranganji ajejwe ubutungane, uguharanira iteka n'itekane ry'abenegihugu no gushingura ikimangu ca Leta

Inkabarumubiri ADN sibwo buryo burashe bwo kumenya uwo abana bavukako; nk'uko vyashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ubutungane, uguharanira iteka n'itekane ry'abenegihugu no gushingura ikimangu ca Leta, kw'igenekerezo rya 9 ndamukiza 2019. Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yari umutumire mu Nama Nshingamateka mw'isasa ryari rirongowe n'Icegera ca Mbere

c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka Agathon RWASA. Ivyo bibazo vyabajijwe inyuma y'urugendo rwagizwe n'Abashingamateka bari mu mugwi wamaho ujejwe ubutungane n'agateka ka zinamuntu mu burere bune tw'ubucamanza kugira birabire intambanyi zibuza abenegihugu gushikira ubutungane. Uburyo bwo gupima inkabarumubiri ADN burazimvye, si

umurundi wese yobishobora, vyongeye ngo hariho ubundi buryo bwinshi bwo kumenya ko se w'umwana ariwe koko. Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yavuze ko ababanyari bo vyabona vya mbere, bo babona umugabo n'umugore bagendana.

Ikindi catumye uwo mushikiranganji arwanya ubwo buryo bwo gupima inkabarumubiri ADN, ni uko vyohava vyongera ikibi mu kindi. Ati

hamwe ubwo buryo bwokoreshe mu gihugu, hokwibonekeza abagabo bemera abana babo ari

ko ubutungane butunganiriza bese. Niba hariho umucamanza aja mu migambwe, ni ukuvuga ko aba ariko

n'Abashingamateka bagize umugwi wamaho ujejwe ubutungane n'agateka ka zina muntu bafashijwe n'Ishirahamwe rijejwe kugenzura ibikorwa vya Leta, OAG mu ncamake, ku buryo bwatanze n'Ishirahamwe mpuzamakungu CORDAID.

Uwo mugwi wagiye mu ntara ya Rutana kw'igenekerezo rya 12/12/2018 mu karere k'ubucamanza ka Bururi, kagizwe n'intara ya Bururi, Makamba, Rumonge na Rutana.

Bukeye bwaho ku wa 13 kigarama 2018, uwo mugwi wabandanirije mu karere k'ubucamanza ka Gitega aho intara zigize ako karere zari zakoraniye ku murwa mukuru wa politike GITEGA. Izo ntara zikaba ari Gitega, Cankuzo, Ruyigi na Karusi. Mu karere k'ubucamanza ka Ngozi, babonaniye ku mugwa mukuru w'intara ya Ngozi kw'igenekerezo rya 14/12/2018. Baturuka mu ntara za Ngozi, Kayanza, Kirundo na Muyinga.

Mu karere k'ubucamanza ka Bujumbura babonanye kw'igenekerezo rya 17/12/2018 baturira mu ntara ya Bubanza. Intara zigize ako gace ni Bubanza,



uko ADN ivyerekanye. Ati none mu gihe ubutunzi butifashe neza, uwo yihakanywe na se yoca abaho gute? Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yaciye aboneraho akanya ko gutanga impanuro kuri murundi wese. Ati mu bibazo bene ivyo, umugabo n'umugore bafatwa co kimwe. Umwe wese ategerezwa kumenya ingaruka mbi z'inyifato yiwe itabereye. Umumalaya abonana n'abagabo benshi amenye ko bizoshika agahura na mwene izo ngorane. Inkumi agendana n'umugabo yubatswe ategerezwa kwemera ingaruka mbi mu gihe bishitse bakavyarana. Umugabo yubatswe nawe ntarekuriwe kurenga ibigo aho ageze hose kuko yoca yama azana muhira abana yagiye aravyara hanze kandi urugo ari babiri. Muri kino gihe n'umukenyenzi arafise ico aterera mu muryango. Nta mpamvu rero yotuma umugabo azana abana biwe batavyumvikanye n'umukenyenzi. Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yaravugiyeye cane abo bana bavuka muri ubwo buryo bakarerwa na ba mukase ngo kuko kenshi usanga bafashwe nabi, aho ni aho baba bagize Imana ntibabaye ishano. Abashingamateka bashikirije ko ibihe vy'amatora twimirije bitoroshe ngo mu gihe umunywanyi atavugaga rumwe na Leta atabwa muri yompi ku gakosa kaba kabayabaye, umunywanyi w'umugambwe uri ku butegetsi we ntaco yinona, ngo naho yokora icaha.

Iyo Ntumwa ya Leta ikaba yishuye

arakorera nabi umugambwe uri ku butegetsi. Ati hamwe bomumenya bomushengeza.

Ku vyerekeye icipfuzo c'uko abacamanza bohabwa ikiringo co kwimenyereza kurya kw'abaganga, Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yavuze ko imyaka ibiri ya mbere ifatwa nk'iyi kwimenyereza. Ati ni naco gituma icyo kiringo giheze ariho hasohoka itegeko ry'Umukuru w'igihugu rimugena muri iryo banga ry'ubucamanza. Yaciye ahubwo aboneraho kugabisha amakaminuza afise igisata



c'ubucamanza ko yokurikiranywa hafi ngo narirya ubucamanza butoroshe. Ati si umwuga, ahubwo ni ingabirano. Twomenya yuko urwo rugendo rw'akazi rwagizwe

Bujumbura, igisagara ca Bujumbura, Muramvya na Mwaro.

Christine NAHIMANA

Ikoraniro ry'Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka: Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu ashikiriza icegeranyo c'ivyaranguwe n'ubushikiranganji bumwegukira.



Ivyaranguwe biri ku rutonde rw'ibikorwa Leta y'Uburundi yiyemeje mu mwaka wa 2018-2019 gushika kw'igenekerezo rya 31 Kigarama ngo birashimishije. Ivyo ni ivyashikirijwe n' Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Igihugu, Nyakubahwa Joseph BUTORE aho yariko arashikiriza icegeranyo c'ivyaranguwe muri icyo kiringo Ikoraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka hari kw'igenekerezo rya 23 Ndamukiza 2019, iryo koraniro rikabariyari rironkomeye n'Umukuru w'Inama nshingamateka Nyakubahwa Pascal NYABENDA. Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zisanzwe zijejwe kugenzura uko amezi atandatu aheze ibikorwa vya Reta.

Nyakubahwa Joseph BUTORE yari yaje gutanga icegeranyo c'ivyaranguwe n'ubushikiranganji bukukira ibiro vyawe kuva mu kwezi kwa Ruheshi 2018 gushika mu kwezi

kwa Kigarama 2018, ubwo nabwo ni ubushikiranganji bwose bujewe ivy'ubutunzi n'ivy'imibano bukaba bugera ku 11. Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu, mu gusoma icegeranyo, yagiye ashikiriza ibikorwa vyaranguwe n'ubushikiranganji bumwe bumwe bwose, atanga ibikorwa bwiyejwe



buri muri rwa rutonde rw'ibikorwa Reta yategekanye gukora, aca ku mayange ibikorwa nyezina vyatanzwe, urugero mfatirwako rugaragaza ivyakozwe hamwe rero n'ibikorwa vyakozwe vy'ukuri mu kiringo c'igice ca mbere c'umwaka kizwwe n'amezi atandatu.

Nyakubahwa Joseph BUTORE yaramenyeshye ko icibonekeza muri rusangi ngo ni uko irangurwa ry'ibikorwa biri mu rutonde rw'ibikorwa Reta yiyemeje muri uyu mwaka ngo ryaranzwe no gukoresha uburyo bwa Reta ku rugero rubayabaye nk'akarorero gukoresha uburyo bwashoboye kuboneka mu kigega ca Reta.

Abashingamateka n'Abakenguzamateka bari muri iryo koraniro barashikirije amakenga bafise ku bijanye n'igisata c'indero aho akanovera k'inyigisho gasa n'akatagihari yaba mu mashuri y'intango, ayisumbuye eka mbere na kaminuza, ukwinjiza abigisha bashasha mu kazi

vyategerezwa kubanza gukingira abigisha baba bariko baha agacumu k'ubumwe Reta mu kwigisha ku buntu aho bikenewe kubera ko baba batararonswe akazi, hatibagiwe n'abigisha birengagiza, bagakora nabi umwuga wabo wo

gutanga ubumenyi no kurera.

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu yarahumuriye iryo koraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka, amenyesha ko umwiherero wa Reta uriko urategurwa washize ku rutonde rw'ibizokwigwa mu gisata c'indero aca aremera ko ayo makenga bagize azoyashikiriza muri uwo mwiherero kugira ngo Reta iyace hirya no hino.

Ku kijanye n'abarimu basa nabataye ibanga ry'uburezi, Nyakubahwa Joseph BUTORE

yarasavye Abashingamateka n'Abakenguzamateka kwirinda imvugo y'ikivunga ahubwo ngo bazoze baradomako urutoke abo babonye bakabashikiriza ubushikiranganji bujejwe indero kugira ngo bubafatire ingingo zibereye. Ikindi kibazo cabajijwe kari kijanye n'amabarabara aca mu gisagara

ca Bujumbura, eka n'ayaja mu gihugu hagati, yononekaye atariko arasanurwa mu gihe hari ibisata vya Reta bisanzwe bujejwe ico gikorwa. Nyakubahwa Joseph BUTORE yishuye avuga ko ibikorwa vyo gusanura amabarabara bituma igihugu gisaba ingurane mu mashirahamwe mpuzamakungu asanzwe abugurana kandi ko ivyo bikenera ukwihangana kuko bifata akanya kugira bive mu nzira.

Nayo ku bijanye no gutanako ibirakwe hagati y'ubuyobozi

bw'igisagara ca Bujumbura n'ubushikiranganji bujejwe ibikorwa vya Reta ku bijanye n'ikibazo co gusanura amabarabara yo mu gisagara ca Bujumbura, Nyakubahwa Joseph BUTORE yabasavye kuja hamwe batorere umuti ico kibazo. Vyongeye, yatanze umwizero ko ibikorwa vyo gusanura ibarabara rya Bujumbura-Bugarama bizorangira mu kwezi kwa Mukakaro mu mwaka wa 2020. Ikoraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka barashikirije



ikibazo c'umuyagankuba mu gihugu hagati. Naho nyene yishuye ko ivyo bikorwa birangurwa n'uburyo Reta iba yasavyeko ingurane mu mashirahamwe mpuzamakungu navyo nyene bisaba ukwihangana.

Barongeye barashaka kumenya ingingo zafashwe ku bijanye n'ishirahamwe ryari ryahawe isoko ryo kwubaka urugomero rwa Kajeke ritashoboye gukora ibikorwa ngo bihere mu kiringo ryari riyiyemeje. Ikoraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka barasavye ko amahera yatangiwe ico gikorwa

yosubizwa mu kigeza ca Reta. Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu yamenyesheje ko iryo shirahamwe naho abariserukira bahunze igihugu ngo ubushikiranganji bujejwe intwari ibereye bucishije ku gipolisi kijejwe kurwanya igiturire bamaze gutegura ibirego n'uruhara rw'umwe umwe wese.

Nayo ibiro bujejwe gukurikirana ko ibisabwa vyakurikijwe no kugenzura akanovera k'ibihingurwa BBN ryaragirijwe kuba ridafise ubuhinga

n'ibikoresho bikwiye vyo kugenzura akanovera k'ivyaranguriwe yaba mu Burundi canke mu mahanga biba vyinjizwa mu gihugu. Nyakubahwa Joseph BUTORE yarashimiye ikoraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka ko nabo babonye ko iryo shirahamwe ridafise ibikoresho bikwiye bituma

ryokora neza igikorwa co kugenzura akanovera. Yaremeye ko ubushikiranganji bujejwe urudandazwa, amahinguriro n'ingenzi iryo shirahamwe BBN rikukira ko bugiye gufata mu ntoko uwo mwitwarariko w'abaserukira abenegihugu.

Abarimiye barafise intumbero yo gutera igiterwa c'ikigazi mu gihe bizwi ko aho gitewe ata bindi biterwa bihamera. Ikoraniro ry'Abashingamateka n'Abakenguzamateka barasavye

Ubushikiranganji bujejwe ibidukikije, Uburimyi n'Ubworozi gutegura neza urutonde rw'ibiterwa bitandukanye hamwe n'urutonde rw'intara zoterwamwo ibi canke biriya bivanye n'uko biba bihamera.

Ikibazo catewe n'ingingo yafashwe n'ishirahamwe rya Reta OBM ryo kubuza abantu kuropora imisenyi mu nzuzi bituma inzuzi zimwe zimwe zisesa, akarorero ni ibitaro vyo mu Kabezi vyatwawe, carabajijwe Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Igihugu. Mu gusozera Nyakubahwa Joseph BUTORE yaciye asaba ko ubushikiranganji bujejwe amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka hamwe n'iryo shirahamwe OBM ko bokwishikira ku rubuga bagafata ingingo zibereye kuri ico kibazo.

Clarette INAMAHORO



Umuhuza w'Abarundi yarashikirije ivyaranguwe n'Urwego arongoye mu kiringo c'Umwaka wa 2018



Urwego rw'Umuhuza rurashikiriza ivyaranguwe n'urwo rwego ku mwaka ku mwaka Umukuru w'Igihugu, Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umukuru w'Inama

Nkenguzamateka nk'uko biri mu ngingo ya 17 y'itegeko inumero 1/03 ryo kuwa 25 Nzero 2010 rijanye n'itunganywa n'uko urwego rw'Umuhuza rukora. Ni muri icyo ntumbero ku munsu wa gatatu

igenekerezo rya 24 ndamukiza 2019, Umuhuza w'Abarundi Edouard NDUWIMANA yashikirije icegeranyo c'ivyo urwego rw'Umuhuza rwaranguye mu mwaka wa 2018 akaba yabishikirije

imbere y'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka zikoranye aho ivyo bikorwa vyari birongowe na Nyakubahwa Pascal NYABENDA, Umukuru w'Inama Nshingamateka.

Igikorwa ca mbere c'Urwego rw'Umuhuza nico guhuza abenegihugu n'ababarongora. Gushika kuri ino saha rero biribonekeza ko ari abatwarwa bitura cane urwego rw'Umuhuza. Ku rundi ruhande abakozi b'urwego rw'Umuhuza barakira ibirego vy'abenegihugu bakabumviriza bagaca babaha intumbero bofata bikenewe, iyo ivyo basaba bidahura n'ibisabwa kugira ico kirego cakirwe nk'uko bitegekanijwe n'Urwego rw'Umuhuza. Ku bijanye no kunywanisha Urwego rw'Umuhuza rwaronse ibirego 2105 birimwo amadosiye 187, 154 zikaba zarakiriwe na 33 zitakiriwe. Idosiye 76 zarahejeje gukorwa nayo izishika 78 ziracakorwa nk'uko vyashikirijwe n'Umuhuza w'Abarundi. Urwego rw'

'Umuhuza rurategekanya gukuraho inzitizi zituma imigambi rwiyejeje itaja mu ngiro. Ku bijanye no



gukarihiza ubwenge abakozi urwo rwego ruzobandanya kurondera uburyo bwo gukoresha nko mu kwiye bakira inzu zogukoreramwo n'umurongo w'imbuga ngurukanya bumenyi.

Ibikorwa vyo guhimiriza kwigisha abenegihugu nico cofasha gukinga ingorane bigasaba kwongereza inyigisho ku benegihugu batari bake. Urwego rw'Umuhuza ruzobandanya kwegera abenegihugu no kwinjira mu mashirahamwe yo mu karere no

kw'isi yose biciye mugufashanya n'amashirahamwe y'abahuza yaba ayo mu karere na mpuzamakungu, nk'uko vyashikirijwe n'Umuhuza Edouard NDUWIMANA. Mu gusozera Umuhuza aremeza ko Urwego rw'Umuhuza rwaranguye neza ivyo bari bategekanije gukora mu mwaka wa 2018. Akaba yavuze ko kubijanye noguhuza imanza zitari zike bari barashikirijwe zaronse inyishu zishimishije n'ubwo hari izindi zigitunganywa mu

bisata bitandukanye bitewe n'uko ziteye, n'ukutaboneka kwababurana canke bitewe n'ukubura uburyo kugira bagire amatohoza ku rubuga mu mwanya wategekanijwe.

J Baptiste Claude NIJIMBERE

Kwihweza no kwemeza integuro zibiri z'amabwirizwa.

Ubuhinga mu kazi ni kimwe mu vyahuriweko n'integuro y'ibwirizwa ryunganira ibwirizwa Shingiro riraba itunganywa, ugukora n' abagize urwego rw'igendereza SNR mu mfunyapfunyo y'igifaransa n'integuro y'ibwirizwa numero 1/05 ryo kuwa 2 ntwarante 2006 rishiraho amategeko agenga abakozi bo mu rwego rw'iperereza. Ku nteguho y'ibwirizwa rya mbere; nkuko vyashikirijwe n'Umushikiranganji w'Umutekano mu gihugu n'ugukingira impanuka komiseri Alain Guillaume BUNYONI, ihinduka risaba ko

urwego rw'iperereza bifadikanije n'izindi nzego zikora nka rwo, zoja hamwe bakavugana kugira bagwanirize hamwe iterabwoba ryoba rihari canke ryokwaduka. Yabandanije avuga ko ihinduka riraba itunganywa rishasha ry'urwego rw'iperereza no kuvyo urwo rwego rujeje, ivyo vyose bigakorwa mu ntumbero yo kurangura neza ata gahaze no gushika mu mihingo yose y'igihugu, nkuko babisabwa kandi bagahindura ibiri mu vyiyumviro vy'abatari bake batabona neza urwo rwego.

Gushiraho amashami y'urwo rwego

rw'iperereza hanze y'igihugu navyo ni kimwe mu mpinduka nyene nkuko iyo ntumwa ya Leta yabandanije abishikiriza; ariko bikaba bishigikiwe n'itegeko.

Komiseri Alain Guillaume BUNYONI yashikirije kandi ko, kugira urwo rwego rw'ipererera rurangure neza ivyo rujeje hadakenewe kurutunganya gushasha ahubwo hakenewe gukarihiriza ubwenge abakozi kuburyo bakorana ubuhinga ivyo bajeje nk'uko izo mpinduka zibitegekanye. Integuro y'ibwirizwa rigira kabiri rivuga ido n'ido izo nyigisho nkarishabwenge, nk'uko uwari yaje aserukiye Reta yavuze, ko

izo nyigisho zashizwe mw'ibwirizwa Shingiro ryo kuwa 7 Ruheshi 2018, harimwo agace kavuga ko urwego rw'iperereza rutwarwa mu nzego zo kwivuna abansi n'urwo gucungera umutekano; nk'uko itegeko n°1/5 ryo kuwa 2 ntwarante 2006, rishiraho abakozi bo mu rwego rw'iperereza ribivuga, agasaba ko iryo tegeko borisubiramwo kuburyo bijana n'ibwirizwa Shingiro

rishasha. Mu nama ya bese barabajije igituma iyo umuntu akosheje agafatwa n'abapolisi ashikirizwa ubutungane mu mutekano ariko iyo afashwe n'umukozi w'iperereza usanga asa n'uwakubaguw. Umushikiranganji Alain

Guillaume BUNYONI yaramwamiriyeye kure, umutahe ushirwaho umukono n'umushikirizamanza. Ati n'uko ni ugutera urubwa urwo rwego.

Urwego rw'iperereza canke igipolisi gicungera Umukuru w'igihugu ? Ni iyihe mvugo ibereye ? Abashingamateka basavye insiguro. N'aha nyene, Komiseri Alain-Guillaume BUNYONI yashikirije ko abakoresha iyo mvugo y'igipolisi gicungera Umukuru w'igihugu baba bashaka gurtyoza urwego

rw'iperereza. Ati urwo rwego rukukira ibiro ry'Umukuru w'igihugu, nk'ibindi bisata vya Leta. Akibaza rero igituma bashimangira gusa kuri urwo rwego rw'iperereza. Umushikiranganji ajejwe Umutekano no gukinga ibiza yarahakanye kandi ko ata ca kigega kigenewe kurondera inkuru, ivyo bita « caisse noire » mu rurimi rw'igifaransa, kibaho. Yasiguye yuko



avuga ivyo azi, mu gihe yigeze kuba Umuhanuzi mu Biro vy'Umukuru w'igihugu. Nayo ubundi, ngo uburyo bukoreshwa n'Urwego rw'iperereza bukurikira inzira isanzwe izwi. Ubwo buryo nabwo bukaba ngo buva mu kigega c'igihugu. Amafaranga nayo, ngo asohoka bivanye n'inkuru ironderwa iyo ariyo. Abashingamateka baratwe amakenga n'iyi nteguro isaba umwenegihugu wese gukorana n'urwego rw'iperereza, bagatinye ko ivyo vyohava bivyura akajagari, yamara Komiseri Alain Guillaume BUNYONI we siko yabibona. Yavuze

ko ubwo buryo bwo gukora buzotuma ahubwo amahoro n'umutekano bitsimbatare. Ati n'ururirimbo ruhayagiza igihugu rurabivuga, ntibisigura rero ko umuntu wese yoca aba uwo mu rwego rw'igendereza. Umushikiranganji Alain Guillaume BUNYONI akaba yaciye ahamagarira abantu bese guhindura ingendo. Ati kera abenegihugu ntibitaho ibintu

vyerekeye amahoro n'umutekano, baba bavugaga ko atari abapolisi canke abasirikare kugira babikurikirane ; muri kino gihe rero ivyo bitegerezwa guhinduka, twese biraturaba. Ni ukuvugako mu gihe umwenegihugu abonye ikimutera amakenga aho aherereye, ko yoca abishikiriza abajejwe intwari bamwegereye. Mu yandi majamba, umwenegihugu nta buhinga aba afise bwo gukora nk'umukozi wo mu rwego

rw'igendereza wewe abihemberwa. Uwo Mutumire w'iteka yaheraheje avuga ko ikibazo co kunganisha ibitsina cubahirijwe muri urwo rwego rw'igendereza, nk'uko bisabwa n'ibwirizwa Shingiro ry'Uburundi, ariko ko badashobora gutanga akazi kurya igipolisi n'igisirikare babikora.

Christine NAHIMANA

INAMA NSHINGAMATEKA

UMUKURU W' IYANDIKIRO
Providence NIKIZA

ABANDITSI
Clarette INAMAHORO
Arlette AKIMANA
Pétronie BUCUMI
J Baptiste Claude NIJIMBERE
Christine NAHIMANA

AMASANAMU
J Baptiste Claude NIJIMBERE
Richard NDAYISENGA
Malikonge MWAMI